

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Lare

3

R. Ng. Yasadipura I

rektorat
ayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

MENAK LARE
III

DPL
232
87

232/87
15-1-87
ans

PS/Jw/13/82

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK LARE

III

Oleh
RADEN NGABEHI YASADIPURA I
Alih Aksara
SULISTUJO HS

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1983

**Diterbitkan oleh
Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah**

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1983

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

kaca

XXVII. Prabu Nusirwan Andrawina Kaliyan Para Tamu	9
XXVIII. Sang Retna Muninggar, Raja Putri Medayin, Kas- maran Dhateng Sang Amir	18
XXIX. Raden Kobat badhe Pancakara Kaliyan Sang Amir	28
XXX. Sang Amir badhe dipun Cidra Dening Raja Kis- taham	35
XXXI. Raja Kistaham Keweleh	45
XXXII. Sang Amir Perang Tandhing Kaliyan Raja Bahran	53
XXXIII. Raja Bahran Katur Dhateng Prabu Nusirwan	61
XXXIV. Raja Kistaham Badhe Mitenah Sang Amir	69
XXXV. Sang Amir Dipun Karutug ing Dadamel, Lajeng Petak	78
XXXVI. Raja Kistaham Saanakipun oncat saking Medayin	85
XXXVII. Sang Prabu Kebar Badhe Males Ukum Dhateng Sang Amir	92
XXXVIII. Sang Amir Mapagaken Mengsah Saking Kebar	101
XXXIX. Retna Muninggar Mumuji Ungguling Yuda Sang Amir	108
XL. Wadya Kebar Campuh Kaliyan Wadya Medayin	115

XXVII. PRABU NUSIRWAN ANDRAWINA KALIYAN PARA TAMU

KINANTHI

1. Angandika sanga prabu
budhalna sagunging baris
Bestak sirangruhunana
punggawa para narpati
wus samya nembang tengara
budhal baris ing Medayin.
2. Mundhut dipangga sang prabu
Nusirwan ngandika aris
Ambyah nitih turangga
tur sembah sang Jayengmurti
sigra anitih turangga
budhal kangjeng sri bupati.
3. Umung swarane gumuruh
para nata Puser Bumi
wus samya nitih turangga
ngiring marang Jayengmurti
sagung ingkang para nata
tan tebih lan sri bupati.
4. Sadangunira lalaku
sang nata tansah ningali
ing kudane Jayengrana

pangandikanira aris
iku turangga punapa
kudane si Jayengmurti.

5. Pan ingsun durung andulu
bayeku jaraning ejim
Betaljenur aturira
leres paduka sang ajî
punika kuda wasiyat
luluhure para nabi.
6. Nabi Iskak duk rumuhun
kang darbe kuda puniki
salamine aneng taman
tan wonten kuwasa ngambil
saparti kang malaekat
anyiluman sampun lami.
7. Sang nata miarsa ngungun
sareng uningeng pawarti
sadangunira lalampah
tan ana kang dipun lirik
seje lan turangga kathah
kudane si Jayengmurti.
8. Wonten ratu nama Karun
ing Ngoban ingkang nagari
miarsa lamun sang nata
anggunggung kudaniramir
nulya marek inring sang nata
umatur darbe turanggi.
9. Kuda sanagara punjul
pinundhuting sri bupati
ngaturaken pejah gesang
langkung denira gendholi
Karun pinaringan arta
nanging meksa den kekah.

10. Tinumbas wolung leksa yun
nging ngaturken pati urip
dadya kendel sri narendra
mangkana Karun turnya ris
pukulun kudane Ambyah
mangsa samiya sang aji.
11. Kalawan turangga ulun
lamun suwawi pun Amir
tuwan ngabena balapan
punapa purun pun Amir
sanadyan silih puruna
mangsa nyandhak pun Amir.
12. Langkung apralebdeng wuwus
ngandika sri narapati
eh Ambyah sira tinantang
maring Karun ander pati
tur sembah marang sang nata
Kalana Jayengmurti.
13. Inggih sandika sang prabu
yen pun Karun ananggupi
singa kawon pinracundhang
yen tan makaten tan apti
sang nata nulya ngandika
Karun apa sira wani.
14. Seseredan singa kantun
sang nata Karun wotsari
matur sarwi senggak-senggak
angakak angentrog wentis
dadya sukane kang manah
lamun makaten sang aji.
15. Siga matur Betaljemur
luhung kendela rumiyin
ingaben ngriki sakedhap
kendel wau sri bupati

lawan sagung kang gagaman
baris ngapit-apit margi.

16. Pra nata sadaya kumpul
pra dipati aningali
tuwin satriya punggawa
santana sagung prajurit
ningali kuda rinampak
sareng denira nyamethi.
17. Kuda kalih sareng mamprung
Kalisahak kadya thathit
rong asta tan ngambah lemah
ebat sagung kang ningali
Raja Karun kudanira
kari doh limang pambedhil.
18. Umarmaya gyga sumusul
sakedhap netra wus prapti
sang Raja Karun cinandhak
mudhunna sira wus tobit
denlorod wani kewala
Raja Karun pringas-pringis.
19. Tan sinipi wirangipun
biyas ulatira lutih
turangga sampun binekta
mring Umarmaya tumuli
ingaturken mring sang nata
langkung suka sri upati.
20. Siga tinitihan sampun
lapgang Karun kang turanggi
risaksana tinetegan
gya budhal sagunging baris
Ing marga tan winursira
wus prapteng jro kitha sami.

21. Oreg wong kang samya ndulu
supenuh tepining margi
lalampahan tigang dina
wong desa samya anggili
tan ana malih den ucap
srine wong ing Puserbumi.
22. Lawan satriyane bagus
punggawane becik-becik
sadaya tan ana mimba
pantes dadiya narpati
jat kaonang-onang
Kalana Jayadimurti.
23. Yata wau lampahipun
Prabu Nusirwan wus prapti
lajeng dhateng panangkilan
lawan sagung pra dipati
wadu Medayin sadaya
jejer neng lurung sami.
24. Kocap lurung tigang ewu
sajroning kutha Medayin
sewu lurung teterusan
rong ewu lurung sayekti
wiyare lurung satunggal
rong tiban wong anjemparing.
25. Sabalane Jayengpupuh
ngalun-alun denya mregil
wau sang Prabu Nusirwan
sampun munggeng panganiti
lengkah neng padmasana mas
para ratu ing Medayin.
26. Wangsul maring prenahipun
palungguhanira lami
sira sang Anjayengrana
maksih ngadeg aneng ngarsi

- lawan sagung kang satriya
pra nata ing Puserbumi.
27. Samya ngadhep gustinipun
ngandika sri narapati
eh Bapa kadi punapa
ngendi panujune linggih
prenahe sang Jayengrana
Betaljemur matur aris.
28. Sakarsa paduka prabu
sri bathara abibisik
Bapa yen insun prenahna
tunggal lan para narpati
si Ambyah maksih satriya
ingsun keseman ing bumi.
29. Yen insun prenahna lungguh
tunggal satriya bupati
si Ambyah iku prawira
widigdaya sura sekti
wenang lamun alinggiha
amor kang padha prajurit.
30. Yen wong wus pratameng kewuh
kaonang-onanging jurit
wenang lamun alinggiha
palungguhane narpati
wenang nganggo upacara
sakapraboning narpati.
31. Yata matur Betaljemur
leres karsa paduka ji
wau sang nata ngandika
eh Ambyah lungguha aglis
ing wijoen palore tna
kang aduwe iku sepi.

32. Dyan Kalana Jayengpupuh
tur sembah anuli linggih
lan sawadya para nata
tunggal wadya ing Medayin
nulya pupundhutan prapta
lumintu saking jro puri.
33. Sigra denya adhadhawuh
amundhut lelemeek asri
sawarnining bangsa sutra
kinarya lelemeek bukti
katip abang lukibang
piremas taluki wilis.
34. Dipangga bang miwah dadu
wilis lan taluki kuning
piremas abang lan seta
panjange panjang mas adi
lancaran mas piring emas
piringe piring mas adi.
35. Saweneh salaka luru
widaganda aneng cangkir
sami cacangkir mas jingga
saksana gamelan muni
boga mawarna drawina
lalawuhan nayub asri.
36. Gya mider kang arak anggur
apikenit lan branduwin
jenewer sopi lan adas
kang branduwin munggeng ngarsi
gelasc samya kancana
pinatiking sosotya di.
37. Rame bojana anginum
gumerah ingkang ngladeni
apa ingkang nora ana

isining donya puniki
tuwin kang ameng-amengan
guru bakal guru dadi.

38. Ki Umarmaya andulu
mendhet pinggan mas satunggil
ingkang ngladeni uninga
Umarmaya denparani
Umarmaya girap-girap
nanging meksa den grayangi.
39. Mengkot-mengkot solahipun
nanging ginagapan ngungkikh
kapanggyeng kanthong saruwal
sang nata suka ningali
eh wong Ngarab gawe apa
ngandhut pinggan mas sawiji.
40. Kalana Anjayengpupuh
miyat wirange tan sipi
den garundeli wong kathah
Umarmaya kethip-kethip
rengunira tan paingan
Kalana Jayadimurti.
41. Nanging netrane sinamun
Sri Bathara Nyakrawati
asru denira ngandika
patih prenahna tumuli
pakuwone anak Ambyah
tundhungna wismeng dipati.
42. Ingkang sayoga kacukup
sawadyane anak mami,
Patih Bestak matur nembah
sampun kawula saosi
ngandika malih sang nata
nulya iriden tumuli.

43. Iku wong mentas lalaku
dimen rerep sawadyalit
sigra denira tur sembah
Kalana Jayadimurti
mundur lan sabalanira
Patih Bestak kang angirid.
44. Wus pinrenah dunungipun
sakehing wong Puserbumi
nulya arakit dunungan
pra nata ing Mekah sami
pakuwone nateng Dara
cukup wong sa-Puserbumi.
45. Wadya gung umyang gumuruh
neng pakuwon Jayengmurti
yata wau sri narendra
kondur malebeng jro puri
para nata lan satriya
sewangan among mamanis.

**XXVIII. SANG RETNA MUNINGGAR, RAJA PUTRI
MEDAYIN, KASMARAN DHATENG SANG AMIR**

DHANDHANGGULA

1. Yata ingkang kawursita malih
putranira kangjeng sri narendra
ingkang saking padmi bae
punika kang cinatur
ingkang mijil wanodya kalih
jalu ingkang titiga
dene wastanipun
Raden Semakun taruna
ingkang raka Raden Urmus raka malih
kakasih Raden Irman.
2. Pambayune punika pawestri
akakasih sang retna Muninggar
Retna Marpinjung arine
putra ampeyan agung
garwanira padmi narpati
wau ingkang puputra
gangsal wastanipun
Dewi Jurujinem sira
duk samana Dewi Muninggar winarni
sampun prapteng diwasa.
3. Yen cinandra kusumeng Medayin
kurang kawi miwah luwih warni
Dewi Muninggar citrane

yen winurciteng tembung
pasthi datan ana uwising
upama ingetunga
rerengganing ayu
kinarya cekak kewala
bebelekan warnane sang raja putri
punjuling sanagara.

4. Kasubing rat yen putri linuwih
tanpa sama kathah para raja
kabyatan myarseng wartine
para ratu kang rawuh
sadayanya samya angabdi
tan ana kang kawawa
yen darbeya atur
miyarsa yen kinakudang
dening rama akarya samodra getih
sarah sirahing raja.
5. Lan awukir kapalaning mantri
pulo gajah unta lan andaka
kakarang arimong memreng
blegdaba lawan senuk
alulumut kumbala wegig
lalayu lan bandera
daludag lan payung
araramon endhekantar
abubulus tameng waja pulasani
kelem ing samodra rah.
6. Pan mangkana ubayeng narpati
besuk krama putra ngong Muninggar
lamun wus samodra geteh
sarah sirah ing ratu
ingkang sampun kocap ing nguni
ing wana Bagdiyatar
asamodra marus
dunung sajawining kitha
toyanipun akathah wiyar tur wening
dadya pameng-amengan.

7. Sapa ingkang unggul ingajurit
• iya iku pesthi kang minangka
sang raja putri jodhone
wauta kang cinatur
sira sang dyah kusumeng puri
miarsa yen kang rama
saha bala methuk
mring satriya ngabdi anyar
ajujuluk Kalana Jayadimurti
saking nagari Ngarab.
8. Sang retna yu sineba ing cethi
munggeng meru padmasana emas
mangkana pangandikane
lah sapa kang andulu
duk ing wingi kangjeng rama ji
amapag ing satriya
ingkang lagya rawuh
warnane apa bagusa
satriya Rab Kalana Jayadimurti
denyambeg kumawawa.
9. Tinimbalan dhingin nora prapti
malah teka ngrampasi caraka
lah kayapa ing rupane
wong sok andhedher angkuh
arep mungsuh kangjeng rama ji
apa ta tan miarsa
lamun ratu agung
angreh para raja-raja
miseseng rat pinituweng para aji
baya ta bosen gesang.
10. Apa gedhe nagri Puserbumi
arsa wani ngayoni jeng rama
pira kehe jajahane
para prajuritipun
pamyarsengsун saking pawarti
durung madeg narendra

anak wong kukuwu
cethi Selaga tur sembah
kula wingi Gusti boten aningali
namung kala utusan.

11. Pun Kalana Anjayadimurti
aputusan putreng Tambakretna
Rahaden Maktal wartane
tuhu lamun binagus
widagdaya prawira lungit
denutus ing gustinya
ngaturaken wabru
ambekta mantri sanambang
cinendhalan duk wonten panganiti
dhateng satriya Irjan.
12. Malah mring gustine nedya wani
atandhinga prawirane benjang
Irjan pralebdeng sabdane
Maktal mrina ing kalbu
dipun aben lesan rumiyin
unggul Rahaden Maktal
parise pipitu
pinanah tatas sadaya
panah liwat kucem punggaweng Medayin
ramanta nulya ganjar.
13. Mesem mojar kusumaning puri
biyang apa putreng Tambakretna
kang nggawa wabru praptane
mbok cethi nembah matur
gih punika gusti rumiyin
satriyeng Parangteja
paparabanipun
wus ing ngaken saudara
mring wong agung Kalana Jayadimurti
lir tunggal yayah rena.

14. Angling malih kusumaning puri
nimbalana pawongane rama
juru ngampil siji bae
wingi kang padha melu
nembah mentar lampahira glis
prapta wismeng pawongan
tembungipun arum
dika Nyai tinimbalan
mring gusti kusuma resmining puri
sigra denya lumampah.
15. Saprapthane pawongan wotsari
biyang inya sun tanya ing sira
kayapa biyung warnane
satriya ingkang rawuh
kang pinapag kangjeng rama ji
ingkang nganggo paparab
Menak Jayengsatru
bok inya matur prasaja
inggil angger kawula tamat ing wingi
nalika neng paseban.
16. Estu lamun satriya linuwih
kados boten angsal ngupadosa
wewengkon tepis iringe
nagari ing Medayun
kathah para ratu dipati
satriya lan puiggawa
ing Medayin agung
tan wonten angger miriba
pasemone manise ngebeki bumi
gumriyeng semunira.
17. Amrak ati jetmika alindri
sarira lus arurus araras
ujung awijang jajane
lan cahyanya sumunu
astanira gandhewa ramping
tejanira sumunar

wangkawa ngunguwung
kadyangger dede manungsa
manawi jim parayangan mbok manawi
wonten sairibira.

18. Yen jalma kang kongkulau ing langit
kang kasongga lumahing bantala
tangeh manggiha iribe
myang wirutameng kewuh
widigdaya ing satru sekti
mandra prawireng yuda
aprana ing mungsuh
kathah narendra kuciwa
mila dipun pilala ing sri bupati
kinaryandakaning rat.
19. Praneng wiweka dibya wigati
semunira lungit ing grahita
datan ngendhak wong gunane
andhap aprana sadu
awidagda datan kawingkis
bagus datan lelewa
cahyane umancur
wus kasub kaonang-onang
pan kasumbung marteng tyas legaweng galih
sabar lila ing donya.
20. Kala matur abdinta pun kaki
Betaljemur ing rama paduka
kula mirsa weleh-weleh
matur wawatekipun
ambek santa budya marta sih
asihe wadya tantra
pawong mitra tuhu
gawoke manah kawula
mung cahyane sumunu ambusanani
asrine panangkilan.

21. Para nata satriya dipati
kadya wulan kuntabing raditya
wong Medayin kusut kabeh
miwah punggawanipun
sadayane apekik-pekit
kathah ratu jajaka
samya wireng kewuh
cacuhe kang para nata
ingkang katur mung seket kirang kakalih
pra kadang kalih welas.
22. Yen menggaha ing sasami-sami
kawulajeng inggih angeleta
yen wonten kang mabenake
sadalu epah satus
boten ketang aninikeli
gumer sagung pawongan
mesem sang retna yu
tyasnya dadya wirandhungan
wus kasabeting wiyung wiyang ing galih
wirangrong karungungan.
23. Sang retna yu angandika malih
tutugena biyung tuturira
pawongan atur sembahe
wondene wadyanipun
kang asikep gagaman jurit
pitung kethi sadaya
kajawi pipikul
yen upami ginunggunga
kadi wonten kalih tengah yuta gusti
balane Jayengrana.
24. Lulucone jeng gusti kakalih
kang satunggil aran Umarmaya
ragi ambet santanane
warnanipun weh yungyun
amethesel tur ireng manis
rikma barintik abang nyongor lathinipun

wadana kadi wanara
netra abang pupundhakira ang lengki
cucutipun kalintang.

25. Kang satunggil prabu ing Kohkarib
warnanipun meh kadi danawa
ambalendher wawadhuke
malembung kadi busung
sakalangkung trustha ningali
ingkang para satriya
punggawa gung-agung
tan wonten mingkem kang mulat
balanipun saleksa kuluk mas sami
panjange nglimang hasta.
26. Pun Kalana Anjayadimurti
kirang gujeng kaduk esemira
kathah suka boten open
awingit tingalipun
lamun mesem gusti patitis
kulangger kesar-kesar
mirsa esemipun
yayah angemut kikilang
punikanger wong bagus andhedheweki
tan mawi tetempilan.
27. Ngandika lon kusumaning puri
amundhuta telung atus dinar
si bibi ingsun ganjare
opahe tutur-tutur
ingkang mundhut dinar wus prapti
katur sosotyaning rat
pinaringken sampun
sang dyah karidhu tyasira
esmu mendra kawangwang wingiting galih
watak dyah wus diwasa.
28. Sigra kondur sang retnaning puri
sapraptane ing Madekumala

sang dyah nungkemi gulinge
kandhahan ing raras kung
kang kacipteng ing tyas pawarti
kayapa warnanira
Menak Jayengsatu
wastra teles mungging gantar
sun tetedha aweta pepe neng ngriki
satriya Jayengrana.

29. Taunana windonana ugi
iler ijo kang munggeng ing tegal
kekenthanga aja muleh
dhuh biyang awakingsun
peken alit kang urut margi
yen wurung sun panggiha
lan sang Jayengsatu
yekti atemah pralaya
dene ingkang satriya kasoring jurit
kalindhihing kung rimang.
30. Angandika mring cethi kakalih
biyang karo sira denabisa
aja kongsi kajuwareh
reksanen tingkahipun
aywa kongsi katur rama ji
yen ingsun karungrungan
keneng sambang tutur
kandhahan satriyeng Ngarab
kang jujuluk Kalana Jayadimurti
kalih matur prasetya.
31. Salamine datan arsa krami
ratu patang atus ingkang prapta
padha ratu gedhe-gedhe
suwita ing sang prabu
akukuwu aneng Medayin
tan purun anembunga
mring wau sang prabu
salamine tan kagiwang

ing pawartanira pra ratu kang prapti
lagya mangke kasmaran.

32. Minggah tumurun kusumeng puri
kadya sata lagya matarangan
kabyatan nandhang wirage
tyas semang kapirangu
lir wong keneng guna piranti
supe ing dhahar nendra
amung kang kaetung
satriya suwita anyar
soring alis satriya ing Puserbumi
tulusa kasatmata.
33. Ingkang dhingin dosa ing rama ji
tinimbalan maring kangjeng rama
mulih barundhul dutane
teka andhedher angkuh
si Kalana Jayadimurti
sun tedha denukuma
maring rama prabu
aja denukum siasat
denukuma tampaa tariman putri
sidhengkah don asmara.

XXIX. RADEN KOBAT BADHE PANCAKARA KALIYAN SANG AMIR

ASMARADANA

1. Yata sang retnaning puri
kang lagya gerah asmara
gantya ingkang winiraos
wonten tanggulaning praja
ratu kaonang-onang
banthenging nagri Medayun
jujuluk Raja Kistaham.
2. Ing Sarwal ponang nagari
prakosa bala sayuta
kalih domas punggawane
kalangkung digdayanira
putra jalu sakawan
samya wirutameng kewuh
digdaya sakawan pisan.
3. Pilih ratu kang nadhahi
yudane Raja Kistaham
katempuhing bot repote
ing Medayin tan ana lyan
amung Raja Kistaham
tau ambedhah praja gung
nawan putri mikut raja.

4. Denugung kapati-pati
marang sang Prabu Nusirwan
miwah minangka isene
ing wijoan paloretna
sakehing para raja
pra dipati punggawa gung
ing Medayin jrih sadaya.
5. Raja Kistaham prajurit
antara wus tigang candra
ingutus marang sang katong
ambedhah nagara Kangkan
ing mangke Rajeng Kangkan
kasor yudane kapikut
kadhatone dipun jarah.
6. Babandan binekta dhingin
maring putra Raden Kobat
kinen ngaturken sang katong
sawurine putranira
sira Raja Kistaham
aneteg tengara umung
budhal saking nagri Kangkan.
7. Sigegeun ingkang lumaris
gantya mangke kawuwusa
sri bathara enjing miyos
supenuh kang para nata
satriya lan punggawa
tuwin Menak Jayengpupuh
sampun pratistheng ngayunan.
8. Kalana Jayadimurti
sampun kawan dasa dina
aneng Medayin lamine
langkung deny a kinasihan
maring Prabu Nusirwan
lan pinutra-putra dhanu
rinaja-raja manggala.

9. Akasukan siyang latri
tan pegat denya drawina
datan ana ing pedhote
Jayengrana pinaringan
busana lan turangga
warata sabalanipun
samya pinaring busana.
10. Pra nata ing Puserbumi
samya pinaring makutha
sabusananing kaprabon
miwah sagunging satriya
busana kasatriyan
punggawa paringanipun
sabusananing punggawa.
11. Kula mantri tandha mantri
jurumalim lurah tandha
samya ginanjaran kabeh
pangalasan ulubalang
tan ana kaliwatan
samya sukane kalangkung
denya geng sihe sang nata.
12. Umum punggaweng Medayin
para nata lan satriya
punggawa sumengit kabeh
meri mring satriya Ngarab
denya ingela-ela
tan mantra suwiteng ratu
yayah denira ayoga.
13. Miwah Kya Bestak apatih
sengite kaliwat-liwat
nanging pindha upayane
samya ajrih ing sang nata
denya asih kalintang
amung sira Betaljemur
lair batinira tresna.

14. Dangu denira tinangkil
sang nata miarsa warta
Raja Kistaham praptane
kang saking nagari Kangkan
ratune wus kabanda
malah binekta rumuhun
bandan maring Raden Kobat.
15. Sang nata ngandika aris
pra dipati lan punggawa
padha amapaga kabeh
budhal sagung pra satriya
sang nata angandika
Jayengmurti anakingsun
sira tumutura mapag.
16. Kalana Jayadimurti
sigra denira tur sembah
budhal lan para ratune
wus kebut wadya ing Ngarab
yata kang kawarnaa
panganjurira kadulu
balanira Raden Kobat.
17. Kandhev punggawa Medayin
wus samya panggih sadaya
lawan Raden Kobat age
wawadul sagung punggawa
marang Rahaden Kobat
yen wonten satriya rawuh
suwita dhateng sang nata.
18. Pinangkane Puserbumi
kalangkung ingela-ela
wong Medayin kasor kabeh
langkung denya kinasihan
malah kinon alenggah
ing wijoan palowanu
panggenane rama dika.

19. Raden Kobat duk miarsi
kumejot lalathinira
sakala putung alise
malatu-latu kang jaja
tan adangu katingal
yen ana gagaman rawuh
Raden Kobat nulya mulat.
20. Sarwi angandika wengis
iki gagamane sapa
para dipati ature
inggih punika pun Ambyah
Raden Kobat sumimpang
anyengkirang lampahipun
sarwi anglirik wong Arab.
21. Mandheg wadyeng Puserbumi
tumingal kang lagya prapta
sareng wus kapungk kabeh
wong Arab nut wuri ampah
ing marga tan winarna
ing panangkilan wus rawuh
Raden Kobat mara nambah.
22. Ingaturken mring narpati
babandan sang Fajeng Kangkan
wus kinen marongka age
nulya wau Raden Kobat
lenggah munggeng wijoan
palenggahane rumuhun
Rahaden Kobat punika.
23. Sampun kawilang prajurit
wenang jajar lan kang rama
pan sampun suwita dhewe
wus kandel mring sri kinarya
punggawa miwah dadya
kanthine sudarmanipun
yen kala ambedhah praja.

24. Kadange sakawan sami
sampun kinarya punggawa
sadaya prawireng kewoh
samya babala saleksa
kapat samya digdaya
yata wau Jayengpupuh
wus prapta ing ngarsa nata.
25. Sawadya para narpati
Jayengrana sampun lenggah
meksih angadhep sang katong
Prabu Nusirwan ngandika
Bapa kayapa sira
ngendi panujune lungguh
si Kalana Jayengrana.
26. Betaljemur matur aris
lah inggih sakarsa nata
ingkang pundi ing karsane
sang nata aris ngandika
Ambyah sira lungguha
ing wijoan palowanu
panggonane si Kistaham.
27. Kalana Jayadimurti
tur sembah lajeng alenggah
lan sawadya punggawane
saksana pundhutan medal
lumintu saking pura
lajeng abujana nginum
angrangin ingkang gamelan.
28. Senggake munya ngedhasih
keplokira titimbangan
sarwi sangkep lawuhane
larih mider kaping tiga
watara ping sakawan
Raden Kobat esmu wuru
kumeleng akipat-kipat.

29. Denira mandeng mucil
bekah-bekuh denya lenggah
palirikan ing ulate
mung satriya Jayengrana
pinandeng tiningalan
anggit wajarda bendum
senggak denya angandika.
30. Eh bangkan ing Puserbumi
apa ta pangrasanira
dene alungguh neng kono
enggone wong tuwaningwang
si monyet tanpa ngrasa
eh anake wong kukuwu
teka linggih neng wijoan.
31. Iku enggonging prajurit
kang tau ambedhah praja
anyengkalak para katong
dudu ingkang kaya sira
kang lungguh ing wijoan
Kalana Anjayengsatru
eca lenggah tan pinirsa.
32. Rahaden Kobat mucil
tan pegat pamandengira
wong Menak lingira alon
eh Kobat pagene sira
mandeng-mandeng maringwang
atingkah sengit maringsun
Kobat wuwusira sugal.
33. Ya pagene sira linggih
enggone wong tuwaningwang
wong Menak alon wuwuse
ngong tan wruh wong tuwanira
timbalane sang nata
ing kene pan ingsun lungguh
Kobat mungkur denya ngucap.

XXX. SANG AMIR BADHE DIPUN CIDRA DENING RAJA KISTAHAM

PANGKUR

1. Bramantya Rahaden Kobat
mudhun sarwi marani Jayengmurti
lan denenak nggonmu lungguh
mengko ingsun sesempal
sigra nyandhak wangkingan asru jinunjung
linorod saking wijoan
nanging wong Menak tan osik.
2. Binithi gulu iringnya
wanti-wanti meksih eca alinggih
pininglima cengelipun
kapileng Raden Ambyah
gya winales binithi walikatipun
aniba Rahaden Kobat
tangi narik pedhang aglis.
3. Sigra ngayataken pedhang
dupi arsa tiba dipun barengi
sinangga paglanganipun
pinidhilir pedhang tiba
gya cinandhak wangkinganira jinunjung
denumbulaken mring tawang
binanting sarwi alinggih.

4. Dangu kalenger Dyan Kobat
duk ngalilir Dyan Kobat wangsul malih
ing panggenanira wau
angandika sang nata
sedheng silih amales si Ambyah iku
kawilang luwiha sabar
si Kalana Jayengmurti.
5. Wong Medayin kang miarsa
sadayne samya panas ing galih
mulat sihira sang prabu
ngesorken Raden Kobat
lawan linggih neng wijoen palowanu
palungguhane Kistaham
ratu banthenging Medayin.
6. Kondur sang Prabu Nusirwan
nulya bubar sadaya kang anangkil
lan satriya Jayengsatru
mantuk amasanggrahan
kawarnaa Kistaham semana rawuh
wancine pukul sakawan
kapethuk kang saking nangkil.
7. Satriya miwah punggawa
lajeng samya mring daleme angiring
Rahaden Kobat wawadul
denira pancabakah
pra dipati satriya nambungi wuwus
kawularsa tutulunga
ajrih neng ngarsa narpati.
8. Sapraptaning dalemira
lawan sagung punggawa tata linggih
lajeng bojana anayub
sarwi apaguneman
angandika Raja Kistaham mring sunu
sira Kobat anakingwang
pagene ngisin-isini.

9. Kasor lan wong aneneka
basa sira taliti ning prajurit
kasor anak wong kukuwu
ing dina benjang enjang
talikanen yen si Ambyah nangkil sesuk
sun barengane neng marga
si Kalana Jayengmurti.
10. Sun antenane neng dalan
den aja wruh baturira sawiji
ingsun met sangkaning alus
ngong sandi pawong sanak
pesthi kena si Kalana Jayengpupuh
ing dalu tan winursita
yata kawarna enjing.
11. Siyaga sabalanira
kawuwusa Kalana Jayengmurti
seba maring sanga prabu
sira Raja Kistaham
mangkat saking ing dalemira kapethuk
baya ika Jayengrana
tedhak saking ing turanggi.
12. Marani sang Jayengrana
duk tumingal lajeng denya mrepeki
paran-pinaran wus tundhuk
gantya aras-ingaras
kalihira asareng angrangkul gapyuk .
Raja Kistaham mangrepa
anor asih amrih silib.
13. Sarya amidih bangkekan
netog kuwat tumetes ingkang getih
saking ing jejempolipun
nanging meksa tan obah
anggrahita Kalana Anjayengsatu
mesem sarwi atatanya
eh Kistaham sira lami.

14. Aneng nagara ing Kangkan
sarwi males jempolira kapidih
gumarepek balungipun
sumaput panonira
sang Kistaham keksi ulatira payus
ngrarepa sarwi lorodan
Heh Ambyah tuhu prajurit.
15. Nanging ajana wong wikan
polahingsun kalawan sira iki
ingsun anjaluk welasmu
reksanen wirangingwang
pesthi ingsun kapiutangan kalangkung
wong Menak mesem ngandika
mring Raja Kistaham ririh.
16. Lah iya sakarepira
apan dudu panggawe saking mami
sareng nitih kuda sampun
jajar denya lumampah
sang Kistaham met manahe Jayengpupuh
kalangkung noraken raga
Kalana Anjayengmurti.
17. Sareng prapteng panangkilan
lajeng nembah wau wong agung kalih
marang sanga prabu gupuh
sira Raja Kistaham
ngancarani mring wong Menak akon lungguh
ing wijoane Kistaham
wong Menak lajeng alinggih.
18. Anulya Raja Kistaham
denya linggih sandhing lan Jayengmurti
sang nata tumingal ngungun
wekasian angandika
abibisik marang sira Betaljemur
apa mulane Kistaham
becik maring Jayengmurti.

19. Ki Betaljemur turira
wus kaweleh wau duk aneng margi
ajeng mendhet pejahipun
sinilib tatabeyan
tan kawagang temah lingsem awakipun
punggawa Medayin samya
ngungun denira ningali.
20. Saksana lajeng kasukan
para nata nayub lawuhan asri
ngrarangin gamelanipun
anulya kang inuman
sampun mider ponang larih kaping telu
sigegen kang kawuwusa
kang anggung agerah wingit.
21. Kusuma Retna Muninggar
ingkang anggung kalangen aneng beji
salamine nandhang wuyung
suka langen neng taman
kang angiring pawongan lan embanipun
tamanira langkung endah
kagungane raja putri.
22. Asri rengganing kang taman
kathah lamun cinatur jroning puri
palenggahane sang ayu
gilang mas kang kinarya
titirahe pinatik ing nila jumrut
sinasotyeng nawa retna
wiyare gigilang rukmi.
23. Mubeng patang puluh pecak
kang gigilang wau dhapur pasagi
neng kono denira lungguh
kalih pawonganira
kang jinaten sasolahira among kung
Pradapa lawan Salaga
ngandika sang Rajaputri.

24. Lah biyang sira menyanga
ing paseban ngiringa ing ramaji
duk wingi manira ngrungu
ana wong pancakara
inggih angger pun Kalana Jayengpupuh
kalih anake Kistaham
kang rinebat palowani.
25. Tuhu satriya digdaya
sira risang Kalana Jayengmurti
anyangking wong bari lungguh
dangu kantakanira
ingubengkeneng tawang binanting wau
Raden Kobat kalesedan
punika ingkan miwiti.
26. Mesem sang Retnaningpura
amiarsa ing autre mBok Cethi
wewah kangungrunganipun
pyuhing tyas tan panetya
wimbuhan kambahing galih awuwuh wuyung
dadya wungu-wingit marang
Kalana Jayadimurti.
27. Tyasira mesi wiyoga
ragan-ragan solahe sang retna di
wiyang wuyungan kayungyun
tansah munggeng gigilang
galang gulung pawongan lan embanipun
cethine kalih tan pisah
neñelik karyane sami.
28. Mring kang dadya ela-ela
salelewanira linali-lali
tan lali malah kalalu
langene kang subrangta
tan anyipta ing liyane mung kang ketung
katongton saking wardaya
Kalana Jayadimurti.

29. Wu Ni Cethi Pradapa
prapteng jawi andresel aneng wuri
pawonganira sang prabu
anjawil sarwi tanya
ngambil apa wong kaputren iki metu
sumaur Cethi Pradapa
ingsun nunut aningali.
30. Sandhinge nambungi mojar
cep menenga wong nora wruh ing wangsit
ana wong kaputren metu
teka padha tatanya
samya kendel wau kang bojana nayub
gumuruh senggak sauran
larih mider kaping kalih.
31. Kaping tiga ping sakawan
wus kawuron sagung para narpati
Kistaham wus dahat wuru
netranya bang ngatirah
amucicil mandeng marang Jayengsatru
gangsul ing pangucapira
Heh Ambyah cicikat baring.
32. Dene liwat tan pangrasa
linggih neng wijoen palowani
endah apa wong dhudhukuh
teka lungguh wijoen
sumalonong sumalegreng linggih dudu
iyeng-iyengmu ing Mekah
kang aduwe palowani.
33. Wruhanira kang titinggal
canggahingsun sang Prabu Hasanarim
tumimbal mring kaki buyut
jujuruk Dhasthakenas
iya nuli tumiba mring kakiningsun
kang aran Raja Rurustam
gya tumibeng bapa mami.

34. Nama Prabu Ibruskara
samengkone tumiba jeneng mami
lah ta dene iku dudu
tinggalan saking Mekah
luhuringsun kabeuh prajurit linuhung
dudu wong kukuwu Mekah
wijoan ingkang ngenggeni.
35. Gumujeng sarwi ngandika
duk miarsa Kalana Jayengmurti
lah Kistam sira iku
pagene salah ucap
pati urip iya dudu pangucapmu
kang kumecap cangkemira
kabeuh kang aran prajurit.
36. Patut linggih ing wijoan
samengkone kang patut amung mami
karana pangalapingsun
marmane ingsun lengkah
saking timbalane sri Nateng Medayun
Kistaham langkung bramantya
kumeleng angucap wengis.
37. Pagene sri naranata
amisesa maring lungguhan mami
pan iku gagawaningsun
saking nagri ing Sarwal
tetap dudu paparingira sang prabu
Prabu Nusirwan ngandika
alon sarya rum amanis.
38. Heh Kistaham wruhanira
ingkang lungguh wijoan palowani
iya prajurit linuhung
dhingin prajuritingwang
nora ana kaya sira ing Medayun
wenang lungguh ing wijoan
saiki mung Menak Amir.

39. Kang ngluwih saking sira
marma wenang lungguh ing palowani
yen sira kuwasa ngrebut
lah ta sira rebuta
saking ingkang lungguhe si Jayengsatru
yata sang Raja Kistaham
angatag maring kang siwi.
40. Lajeng mara Raden Kobat
narik pedhang munggeng ngarsaniramir
wuš tumiba pedhangipun
binarengan sinangga
pagelangan pinidih pedhange runtuh
sinendhal wangkinganira
ingubengaken manginggil.
41. Mubeng saparti likasan
Raden Kobat binanting sarwi linggih
kalenger sarwi lumayu
putra kalih wus prapta
pun Kadarsi Istun sareng prapteng ngayun
kalih sareng ngangkat gada
rikat lajeng dencekeli.
42. Munggeng asta kering kanan
dyan ingnaben kumba samya gumlinting
Kistarum mara agupuh
sarwi ngayati pedhang
wis cinandhak binanting sarwi alungguh
mutah getih kalesedan
cangkemira kebak wedhi.
43. Gya madeg Raja Kistaham
gigithoke Jayengmurti binithi
kapileng kalangkung bendu
sira Raja Kistaham
meksih ngadeg wau aneng ngarsanipun
gya cinandhak wentisira
jinunjung lajeng binanting.

44. Siñabetaken ing saka
gumalinting maksih dipun cekeli
denobat-abitken dangu
mubeng kadya kitiran
dyan winasuh Kistaham satengah lampus
sareng anglilir kanginan
wangsuł m'ring enggene malih.
45. Wau kang putra sakawan
kang satunggil nama Raden Kadarsi
sacengkang bole kang metu
sampun binekteng wuntat
rinarompa dhateng wadya ing Medayun
samy areg kang gagaman
prajurit nom-anom sami.

XXXI. RAJA KISTAHAM KEWELEH

SINOM

1. Kang prajurit samya ngucap
heh Kistaham baya lali
gene nora paparentah
wingi wis padha prajanji
numpes si Jayengmurti
Kistaham ewa tumungkul
wau Rahaden Maktal
nengah pedhange tinarik
Umarmadi Tohkaran samya manengah.
2. Mesem sarwi angandika
wau sang prawireng jurit
Yayi Maktal sumingkira
miwah sira Umarmadi
ywa kaya rare cilik
aneng ngarsane sang prabu
lah iya nedya apa
katiga wus wang sul sami
Umarmaya nembah sarwi cikrak-cikrak.
3. Amecucu akekayang
ngucap sarwi cerak-cerik
dening padhaadol ulat
aneng ngarsane narpati
gumendhung ngajak jurit

padha angrusak sisiku
lah iya mengko ana
punggawa mulih barindhil
para nata mengko mulih lalagaran.

4. Tur kabeh mangsa enjoha
dhuh cis pakanamu tai
teka ora idhep wirang
gibanting padha kapesing
Marmaya kirig-kirig
mencos sarwi manthuk-manthuk
gumujeng kang tumingal
langkung suka sri bupati
gujengira sarwi bubar angedhatyan.
5. Sampun bubar kang sewaka
Marmaya nyegati margi
rowange Raja Kistaham
kang samya angampil-ampil
jinaluk kang denampil
Kistaham micara arum
lah padha wenehena
ajana sira ngukuhi
wus sinungken Umarmaya latah-latah.
6. Apan sarwi malangkadhak
samya nyimpang para aji
samya mantuk sowang-sowang
wau sang Raja Dimurti
sawadya pra dipati
kondur amakuwon sampun
wau kang winursita
kang duta kusumengpuri
Ni Pradapa prapta nembah mring sang retna.
7. Wus katur sasolahira
duk ana ing panganiti
salir solah bawanira
Kalana Jayadimurti

langkung denya apekik
budidarma tameng kewuh
kumukus cahyanira
asawang gebyaring sasi
panangkilan kadya rinenggeng mutyara.

8. Amindha teja wangkawa
estu lamun busanani
asrine kang panangkilan
wau meh dados kang jurit
arebat palowani
pun Kalana Jayengkewuh
lawan Raja Kistaham
saanaknya bela wani
gangsal bapa sami angrungkebi kisma.
9. Wus katur sasolahira
miwiti malah mekasi
sang retna wuwuh kasmaran
pitambuh tan bisa mijil
denya arsa udani
mring wong Menak Jayengkewuh
datan ajrih ing rama
dadya gung anangkeb samir
kuneng sang dyah sang nata enjing sineba.
10. Andher sagung para raja
tanapi para dipati
satriya para punggawa
miwah Kistaham wus nangkil
sasukanira sami
munggeng ing ngarsa sang prabu
tuwin prajurit Ngarab
Dipati Wira Dimurti
wus sewaka kalawan sawadyanira.
11. Kang arsa denira lengkah
munggeng wijoen mas adi
paparinge sri bathara

pinalipit kencanadi
naga geng ngapit-apit
samya buka sri mas murub
anetra inten mulus
sinisikan mutyaradi
pethak samya pupuletan munggweng wuntat.

12. Punika kang sinendhenan
sirahe naga kang ngapit
samya rarawis kumala
kinatirah ing widuri
pakaja amarapit
sinaselan ing jumerut
sanadyan para nata
yen tan wirotameng jurit
apan nora wenang lungguh ing wijoan.
13. Sanadyan maksih satriya
yen wis utameng ing jurit
mungguh adile narendra
ing wijoan palowani
Jayengrana bibisik
maring Ki Umarmayeku
kinen matur sang nata
wus asamir sutra kuning
Umarmaya menthek-menthek marang ngarsa.
14. Tinanya de srinarendra
umatur saha wotsari
dinuta ing putra tuwan
inggih sang Bagendha Amir
nuwun wedale ugi
saking timbalan pukulun
babandan Rajeng Kangkan
pun Ambyah ayun ningali
sri narendra anuduh ing pangalasan.
15. Saprapitanira kunjaran
nulya wine dalken aglis

babandan sang Rajeng Kangkan
binekta ngarsa narpati
Umarmaya nakoni
Heh Bahran sirā geng luhur
dening kongsi kabanda
rikalanc sira aprang lan Kistaham.

16. Kaya paran tingkahing prang
Raja Bahran anauri
ingsun kalah kena cidra
ingupaya daru besi
nera kalah ing jurit
prajurit caraning ngasu
lakune si Kistaham
culika dudu wong becik
dening iku isen-isening wijoan.

17. Duk prapta nagara ningwang
pinagut mring anak mami
lan patihingsun kewala
tan kongsi aprang lan mami
nuli akirim tulis
anungkul angajak patut
ingsun undang kasukan
aneng Sitibentar mami
ing enjinge sun denjak sukan pondhokan.

18. Susugun rame asukan
nuli sun dinarubesi
iku uga sun kabanda
Kistaham asru nauri
sun kalahaken jurit
dora ature puniku
asor madyaning rana
agenti banting-binanting
saujare iku tan layak ngandela.

19. Umatur sang Raja Bahran
dhuh angger sang Jayengmurti

lamun kawula uculna
den aduwa aprang tandhing
upami sor ing jurit
binandaa malih ingsun
sigra matur sang nata
wau sang retaning jurit
yen suwawi bestan uculna sakedhap.

20. Mesem denira ngandika
sanga Prabu Nyakrawati
si Bahran iku prakosa
menawi bandakalani
umatur awotsari
ing wong Menak Jayengkewuh
mangke amba kang besta
ngandika malih sang aji
iya kulup ing kono sakarsanira.

21. Saksana Ki Umarmaya
cengkalake denuculi
duk ucul balenggunira
rante kang kinarya tali
Raja Bahran pribadi
pinedhot-pedhot wus rampung
sigra denya lumumpat
nyandhak pedhang ampil-ampil
kang ambekta dhinupak lajeng kantaka.

22. Anerajang pra dipatya
kang pinedhang tigas pacing
geger sagung kang sewaka
kang katrajang angemasi
Raja Bahran anjerit
susumbar anguwuh-uwuh
payo kene Kistaham
talenana ingsun malih
karubuten kalayan anakmu papat.

23. Kabeh pagutna maringwang
Ki Umarmaya marani
Kistaham sira tinantang
mungsuhamu ika nyumbari
mara cekelen aglis
Kistaham meneng anjetung
Umarmaya anyentak
teka pijer pringas-pringis
wong tinantang teka ora idhep wirang.
24. Arumab Ki Patih Bestak
ningali Bahran ngamuki
Raja Bahran Lakartala
kathah prajurit ngemasi
sang Prabu Nyakrawati
pangandikanipun asru
lah kaya paran sira
sutengong Bagendha Amir
gya cekelen si Bahran kaselak ndadra.
25. Tumurun saking wijoen
sira sang prawireng jurit
mandheg tur sembah mring nata
sigra denira marani
prapta wurinireki
Raja Bahran maksih ngamuk
maledug asarsaran
punggawa para narpati
aris mojar sirambyah mring Rajeng Kangkan.
26. Sri Bahran sira mandhega
sadheha ingsun taleni
sumaur sang Rajeng Kangkan
lah sira menenga ugi
sun amuke den enting
kabeh punggawa Medayun
teka Nusirwan pisan
sun pedhange dimen mati
yen wus mati sira madega narendra.

27. Dadya ratu binathara
pan sira ingkang prayogi
neng Medayin jumenenga
eman den nggoni wong kapir
ingsun kang dadya isi
ing wijoen palowanu
mesem prawireng aprang
iku dudu karep mami
suwadine sira Bahran saya ndadra.
28. Yayah lir diradameta
pangamuke nggigelani
saparane tinututan
mring wong Menak Jayengmurti
Raja Bahran sireki
mariya aja angamuk
idhepen ujaringwang
Raja Bahran anauri
Jayengrana meneng denya nambung durma.

XXXII. SANG AMIR PERANG TANDHINC KALIYAN RAJA BAHRAN

DURMA

1. Rajeng Kangkan aliwung pangamukira
riwut tingalireki
masreng lir matengga
singa katrajang pedhang
para mantri tigas pacing
para dipatya
punggawa keh ngemasi.
2. Polahira kadi yaksa amamangsa
rusak wadya Medayin
wong rangkep tinigas
papat pinedhang tatas
sira sang Bagendha Amir
maksih tut wuntat
mandhega Bahran dhingin.
3. Jayengrana pan asru pangamukira
mandhega sira dhingin
nuruta jaringwang
yen sira anuruta
lah mandhega ingsun wehi
kuda paprangan
lawan gagaman jurit.

4. Lan kulambi kere beruti lan sungsang
mandhega ingsun sungi
gada duduk rajeng
salugun alugora
jinggring gandhi kalawahing
lan tameng waja
lembing cacab calumprit.
5. Yayi Maktal lah paringana busana
miwah gagaman jurit
lan kuda paprangan
Bahran sampun sinungan
angrasuk praboning jurit
nitih turangga
amasang kere wesi.
6. Konen metu ing baera ing pamedan
sigra denira mijil
wong Menak sumembah
pamit arsa magut prang
sanga Prabu Nyakrawati
lan saha bala
umiring niningali.
7. Budhal saking panangkilan sampun prapta
prenah pamedan sami
abaris akepang
wong Medayin kalangan
miwah baia Puserbumi
tepung barisnya
lawan sagung nrepati.
8. Sri bathara maksih manggung neng dipangga
kang datan kena tebih
Betaljemur ary
sira sang Jayenglaga
wus ngrasuk kaprabon jurit
pun Kalisahak
sampun dipun kambil.

9. Rajeng Kangkan amolahaken turangga susumbar nguwuh tandhing heh payo Kistaham iriden anakira kang pitenah marang mami lah kembulana kene padha ajurit.
10. Jayengrana sigra denya nitih kuda ayun-ayunan sami lawan Menak Ambyah kalawan Raja Kangkan Raja Bahran kagyat angling mring Jayengrana endi Kistaham anjing.
11. Teka nora nana katingal Kistaham wong Menak ngandika ris basakena sira kang ora sira tanya ingsun kang arsa ngajurit kaiawan sira Bahran asemu tangis.
12. Langkung kanggeg galihe sang Raja Bahran mungsuh wong agung Amir rumasa yen pejah wirang lamun nungkula baya wus karsaning Widi wus tekeng ajal prang lan sang Bagendhamir.
13. Ingsun nora pisan-pisan sumedyaa jurit lawan sireki sira kang sun ajab pantes dadiya raja ingsun kang ngremek Medayin wong agung Menak ngandika semu runtik.

14. Jayengrana asru ing pangucapira
arsa anjunjung mami
dudu karsaningwang
nadyan dadiya nata
ingangkat padha sasami
ingsun tan arsa
ingangkata sireki.
15. Heh ta Bahran aja kakehan wicara
payo tandhing lawan mami
Bahran asmu ngrepa
amit sang Jayengrana
kepuhe dipun sungkemi
yen kena aja
aprang lawan sireki.
16. Payo Bahran gadamu tibakna mringwang
Bahran ngangkat gada glis
ngadeg saking kuda
wong Menak kudhung sigra
ginada mubal kang agni
saking asrunya
Kalisahak anjerit.
17. Lah ta padha pisan wong Menak malesa
Bahran kudhunga aglis
ingsun gada sira
ngadeg Wong Agung Menak
nginggile kuda ngajrihi
angangkat gada
Bahran tangginas tangkis.
18. Wus prayitna akudhung parise waja
wong Menak nggada aglis
kadya gelap sasra
sanget nggenira nggada
pedhot gegere turanggi
Bahran kaplesat
tiba anulya tangi.

19. Narik pedhang Raja Kangkan asru ngucap
kaniaya si Amir
enggal Bagendhambyah
tumurun saking kuda
pedhang pan wus tinangkis
pedhang-pinedhang
rusak pedhangireki.
20. Dyan anarik kalihe angagem gada
samya agenti keris
ramya asudukan
suduk-sinuduk pratah
gatga samya ting carengkling
putung kalihnya
Bahan anyandhak aglis.
21. Iket pinggang karsane binanting kisma
Bahan pan datan kongkikh
suku kacep lemah
maksa datan kaangkat
karinget ametu getih
maksa tan kangkat
ebah balung rong desi.
22. Malah kacep sukunya ambles pratala
Bahan amempis-mempis
metu kringget erah
sukunya kacep lemah
ameksa ngangkat tan kongkikh
sang Raja Bahan
balung otot kalindhiih.
23. Nulya ngucap Raja Bahan wus malesa
wong Menak dipun aglis
Jayengrana mojar
wus katog budinira
lah iya den ngati-ati
sun angkat sira
Bahan amatek aji.

24. Pamrihira Bahran awrata kang awak
wong Menak mangsit nolih
marang balanira
ngambil pusuh lan malam
pra samya atutup kuping
miwah turangga
liman turangga kului.
25. Blegedaba senuk memrekeng lan kagendra
unta andaka janggi
andalu myang singa
wus samya tinutupan
tunggul samya denleleti
satingalira
Prabu Anyakrawati.
26. Sri Narendra aris denira ngandika
mring Betaljemur aris
Bapa dening apa
sakehe wadya Ngarab
ting serikut sun tingali
paran karsanya
Betaljemur turnya ris.
27. ngGih punika pun Ambyah arsa apetak
mila atutup kuping
tekan tutunggangan
sadaya tinutupan
Kalana Jayadimurti
kalamun petak
oreg lindhu kang bumi.
28. Kadya kapiyarseng gagana ngawiyat
kocak kang jalanidi
hernya sumamburat
prawata lir ingoyag
prapta udan riwis-riwis
rontog godhongan
ing wana lumrekeng siti.

29. Buron wana kaberasat ngungsi guwa
kudhup-kudhuping sari
megar lawan luwas
kentheng gandhewa pegat
tekeng lakoni tigang latri
gurnitanira
gumludhug ing wiayati.
30. Gara-gara ginggang sang sri nata boga
ngandika sri bupati
yen mangkono Bapa
ingsun tan tutup karna
Nanging Bapa pisan iki
manira Bapa
tuhu ayun miarsi.
31. Betaljemur umatur m ring sri narendra
Tuwan tedhaka aglis
saking ing dipangga
sanadyan kalempera
wonten ingkang padmasana di
Prabu Nusirwan
tumedhak saking esthi.
32. Pan pinarak munggeng padmasana emas
sigra sang Jayengmurti
nyepeng sarwi petak
kapileng Rajeng Kangkan
jinunjung tininggil-tinggil
kadya likasan
munggeng ngarsane Amir.
33. Malah tinon dening ing wadya sadaya
nulya binanting siti
gumuling pratala
sira sang Raja Bahran
kang jaja wus denideki
Ki Umarmaya
nerutul analeni.

34. Nulya sinrahaken marang Raden Maktal
sang Prabu Nyakrawati
duk miarsa petak
kadya gelap sayuta
tibeng padmasana manik
gumuling kadya
padhem sri narapati.
35. Wonten pitung pamucung panglilirira
ngandika sri bupati
iya bener Bapa
duk wau nyananeningwang
langit rubuh anibani
kang bumi belah
gembung kang punang wukir.
36. Sami tedhuh ing ngarga lan ing ngawiyat
prapta kang jalanidi
Betaljemur turnya
inggih dangu paduka
kalempet padmasana di
sri naranata
kadya branta sang Amir.

XXXIII. RAJA BAHRAN KATUR DHATENG PRABU NUSIRWAN

ASMARADANA

1. Sakehe bala Medayin
kagyat samya bilulungan
kang apes akejet-kejet
kang saweneh lunjak-lunjak
ana kang geragapan
tambuh-tambuh polahipun
kang satengah keloyoran.
2. Kang apes sisan ngemasi
tan ana tahan miarsa
wau sang Jayengpalugon
marek dhateng sri narendra
nembah angaras pada
ingaras lungayanipun
sang nata salin busana.
3. Sapangadege nrepati
pinaringaken sadaya
tinampen sampun ingangge
sang nata suka kalintang
wuwu ageng sihira
dening ta sampun kadulu
kadigdayanira yuda.

4. Prakempa nagri Medayin
sa'nya narka gunung rebah
barung tibeng samodra rob
miwah salebeting pura
gumer parekan inya
panyanane langit rubuh
tibeng bantala malekah.
5. Yata kusumaning puri
nuju meng-ameng neng taman
tyas mesi raga-wirage
sare gigilang kancana
nglilipur brangtanira
miarsa petak anjumbul
panyanane langit rebah.
6. Sumyar kang toya botwawi
kontal kang jembangan gedhah
sekar kuncup mekar kabeh
ulam loh samya malumpat
wau kusumaning dyah
gurnita tyas langkung ngungun
iki prabawane apa.
7. Satuwuhipun ngaurip
apan ta durung miarsa
gara-gara kang mangkene
maledug ulam malumpat
kutuk badher abubar
wader bang lan wader cakul
malesat tibeng dharatan.
8. Gumer kang parekan cethi
badher kang samya rinebat
tubruk-tinubruk arame
sang retna mesem tumingal
alon denya ngandika
Pradapa metuwa gupuh
sira tatakona warta.

9. Prabawane apa iki
dene ta kagila-gila
Pradapa tur sembah lengser
sapraptanira ing jaba
kocapa sri narendra
saha bala sampun kondur
saking sajawining kitha.
10. Prapteng panangkilan aglis
sang nata sampun pinarak
ing meru singgangsanane
miwa Raden Jayenglaga
munggeng panggenanira
ing wijoan palowanu
dening sang Raja Kistaham.
11. Bestak binekteng sira glis
mring mantrine Raden Maktal
pan sampun kinendelake
munggeng kori panangkilan
yata kang kawuwusa
putra Kistaham kang sepuh
ingkang nama Raden Kobat.
12. Raja Bahran dentakeni
eh sang Raja Bahran sira
dene ta gelem tinalen
lawan si dhukuh ing Mekah
duk sira kasor aprang
kalawan wong tuwaningsun
nora ngaku kalah aprang.
13. Raja Bahran anauri
e si belis betah wirang
sae ngucap lawan uwong
baya sira trahing kompra
pagene sira ngucap
mring Kalana Jayengkewuh
sanadyan ingsun kalaha.

14. Dadi legane tyas mami
dening prajurit utama
denkalahaken prang rame
lawan paparing gagaman
sinungan paris waja
duk bapakmu anak asu
prajurit alaku cidra.
15. Nora lila kalah mami
aprang lan prajurit edan
baya kene larang uwong
eman-eman kang nagara
den nggoni bapakira
iya delape sang prabu
karya punggawa urakan,
16. Gumuyu ingkang miarsi
Raden Kobat langkung merang
angartika jro driyane
wong iki lainun uripa
pasthi ndauawa wirang
marang ing wong tuwaningsun
angur si ngong patenana.
17. Raden Kobat narik keris
nilib tingale wong kathah
dyan sinundep ing tenggake
sang Raja Banran aniba
kagyat mantri kang jaga
mantri Ngalabani gupuh
kakalih sareng lumumpat.
18. Nyepeng Raden Kobat aglis
lumajeng pan katututan
udreg pan sampun kataLEN
geger kori panangkilan
balane Raden Maktal
Rahaden Kobat puniku
matem ratu babandan.

19. Kalana Jayadimurti
miarsa asru dukanya
keras ing pangandikane
lah Umarmaya denkebat
iya si Kobat ika
gawanen ing ngarsaningsun
Ki Umarmaya glis mentar.
20. Raja Kistaham tut wuri
samarga nggennya ngrerepa
ingsun iki Tambak Cangkol
anjalu pitulungira
uripe anak ing wang
yen katura Jayengpupuh
pesthi lamun pinejahan.
21. Mengko sira sun opahi
Marmaya sakethi dinar
lan wedhus manak salawe
sok uripe bocah ika
mesem Ki Umarmaya
sarwi netang jroning kalbu
dinar sakethi pan eman.
22. Mara jupuk tumuli
dinarmu sun arsa wikan
Raja Kistaham nulyage
utusan amundhut dinar
tan adangu wus prapta
katur mring Umarmayeku
dinar sapuluh gendhongan.
23. Wedhus kang densemayani
mengko ing pondhok kewala
Marmaya langkung sukane
lah iya Adhi Kistaham
aywa kuwatir sira
mangsa matiya anakmu
yen maksih urip Marmaya.

24. Nanging sun gawa kariyin
katura wong Menak Ambyah
Rahaden Kobat rinante
mring mantrine Raden Maktal
wus binekteng ngayunan
tekeng panangkilan sampun
ngarsane Raja Nusirwan.
25. Kalana Jayadimurti
asru denira tatanya
eh laknat iya pagene
sira mateni babandan
iku caraning apa
Rahaden Kobat umatur
dening misuhi paduka.
26. Marmane kawula runtik
asung ujar tan pangrasa
dhateng paduka Rahaden
amargi Tuwan kang mbanda
Raden Am'byah ngandika
nggonmu sosot tambung laku
dudu sira pinisuhan.
27. Bisa sira gawe sandi
heh ta Yayi Tambakretna
uwisana si mengkonok
sigra Raden Maktal nembah
sarwi anarik katga
gepah Kistaham angrangkul
ing sukunya Raden Ambyah.
28. Angrerepa sarwi nangis
mesem Marmaya tumingal
marek sarwi mundur alon
sampun miyosaken duka
pun Bahran sampun pejah
baya sampun pesthinipun
wang sul ingkang maksih gesang.

29. Owel dhatenga ing pati
leheng tuwan apuraa
lampahe satriya kaot
angapura dosa pejah
inggih asil punapa
yen Kobat pinurih lampus
mangsa antuka nagara.
30. Kalana Jayadimurti
lilih wau dukanira
kinen nguculi rantene
yata sampuning nguculan
Kobat sigra tur sembah
mring Kalana Jayengkewuh
angambung ing delamakan.
31. Sira sang Rajeng Kohkarib
amarani mring Kistaham
dyan jinabut makuthane
lah sireku eman-eman
anganggo makutha mas
patut ingsun kang anggaduhuh
gumujeng ingkang tumingal.
32. Suka Prabu Nyakrawati
aningali Umarmadya
tuwin mulat Jayengsinom
denya geng kang palamarta
mangkana sri narendra
kondur malebet kedhatun
bubar sagung kang sewaka.
33. Wau sang Retnaning jurit
lawan wadya para nata
kondur marang pakuwone
sira sang Raja Kistaham
kalawan sutanira
dulur lan sawadyanipun
iring-iring Raden Ambyah.

34. Langkung denya anoring sih
kadya nggone asuwita
Kistaham lan saanake
tutug siyang dalunira
munggeng pasebanira
Ki Kalana Jayengpupuh
panyiptane kiñanthiya.

XXXIV. RAJA KISTAHAM BADHE MITENAH SANG AMIR

KINANTHI

1. Kuneng winurciteng dunung
wau kusumaning puri
kang tansah ingarsa-arsa
pawongane kang tinuding
mariksa ing panangkilan
duk gara-gara dhatengi.
2. Ni Pradapa kang ingutus
sakondurnya sri bupati
ngiras ngiring-iring nyimpang
marang gupit mandragini
lajeng ing Karangkusuman
duk prapteng ngarsaning gusti.
3. Ni Pradapa nembah matur
wau panangkilan sepi
nenggih ta rama paduka
saha wadya sami mijil
aningali wong ngayuda
inggih kang angaben jurit.
4. Lawanta bandan kang ngamuk
ratu ingkang anenggani
lan satriya Jayenglaga
langkung ramene ngajurit

dening ingkang gara-gara
pepetake Jayengmurti.

5. Sagung kang miarsa lampus
rama paduka narpati
kantaka ing padmasana
arame prang samya siji
kapanggih samya prawira
ratu ing Kangkan kejodhi.
6. Estu kalamun pinunjul
satriya ing Puserbumi
ratu ing Kangkan prakosa
duk wau ginada gusti
rosane ingkang anggada
kuwate ingkang nadhani.
7. Gigire turangga putung
duk miarsa sang dyah dewi
mring ature Ni Pradapa
ing tyas amuwahi kingkin
kabubuh brangta wiyoga
kandhahing tyas angimbuhi.
8. Kamisasat ing pandulu
dhengdheng kang sinapit-sapit
apa wartane dhuh biyung
kaya age sun udani
mring wong agung suwitanyar
kang ngingu gelap sakethi.
9. Sang dyah aniba ing kasur
anulya atangkeb samir
kawim buhan tyas asmara
tan liyan kacipteng galih
mungkang nggawa gara-gara
cumanthel kuilunging ati.

10. Tansah manggung kapirangu
guguling denwolak-walik
ciptaning tyas kaya ana
Wong Agung Surayengbumi
kayapa warnane baya
satriya ing Puserbumi.
11. Datan adhahar sang ayu
lami denya nambang guling
wenes ijo kang sarira
anglir kancana sinangling
kadya aremak kanginan
sotyane laga ngeneni.
12. Anglunging jangga ngunguwuh
sumelet kang netra kalih
kadya her geni pinecah
waja gumebyar yen kengis
anglir mirah sinundukan
kang netra mandam kasilir.
13. Arema memek ambakung
larapan sela cendhani
alise angroning im ba
kang netya ruruh amanis
adawa yen ucapena
tandhane sang rajaputri.
14. Guyu-guyune wong ayu
kusuma Rara Medayin
sedheng dadya ela-ela
sanadyan padha pawestri
sakathahe wong jro pura
eram wruh sang rajaputri.
15. Piningit kalangkung-langkung
de rama sri narapati
sang dyah kinarya pinangka
patembyane nagari

andhasaraken susila
jatmika ing kramaniti.

16. Kuneng ingkang anggung wuyung
gantiya winuwus malih
kang siniweng pasanggrahan
Kalana Jayadimurti.
wau denira kasukan
sawadyabala narpati.
17. Kistaham pan saben dalu
saos marang Raden Amir
kalangkung denya suwita
akathah tur-atur neki
apa ingkang nora ana
katur marang Jayengmurti.
18. Malah supe dalemipun
lawan sasutanireki
langkung denira suwita
yen Jayengrana anangkil
Kistaham sasutanira
lajeng milya iring-iring.
19. Tan ingucap laminipun
denya suwita mring Amir
mangkana Raja Kistaham
matur mring sang wireng jurit
anger paduka wus lama
boten kasukan wanadri.
20. Ngandika sang Jayengkewuh
iya ingsun wus alami
nora buburu wus lama
kaya andungkap sasasi
pan durung oleh padikan
Kistaham umatur aris.
21. Kawula daweg ingutus
caosa panggenan gerit

wonten wana kang kaprenah
dereng wonten kang udani
awisane rama tuwan
kang kula ken anggiringi.

22. Punika kang buron agung
kaprenah langkung agampil
Raden Ambyah angandika
alah iya sun marengi
umatur Raja Kistaham
anger prayogi ing benjing.
23. Raja Kistaham duk mundur
kalayan sukanireki
aguneman turut marga
lan putra sakawan sami
iki untunge si Ambyah
sira mangkata ing wengi.
24. Lawan kakangmu sadarum
mirantiya ing wanadri
nggawaa bala nyaleksa
sarta sikeping ngajurit
dadiya wong patang leksa
Kalana Jayadimurti.
25. Sun aturi mbesuk-esuk
aywa anggawa wong cilik
jer si Ambyah wus pracaya
iya marang awak mami
buburu badan sapata
ngong tuturi ngene gampil.
26. Sapraptane dalemipun
balane wus denundhangi
samy asemkteng ngayuda
punggawa myang para mantri
samy pilihan sadaya
bala kang kinanthi-kanthi.

27. Ing kana pan ana kulup
lelebak pinggire margi
ing kana sira rereha
kang becik simpen prajurit
dene ingsun amariksa
iya ing prenahireki.
28. Sampun dadi rembagipun
putra pat budhal ing wengi
lan bala kawan leksa
miranti aneng wanadri
sira sang Raja Kistaham
enjing seba mring sang Amir
29. Sang Kalana Jayengkewuh
wus munggeng paseban jawi
Kistaham matur anembah
adhuh angger mumpung enjing
wong Menak aris ngandika
sirapa nggawa wong cilik.
30. Kistaham nembah umatur
satunggal boten amawi
mindhakngrubedi kewala
sangsame sampun agampil
Umarmaya aris ngucap
mring Kalana Jayengnurti.
31. Kawula punapa tumut
inggih dhumateng wanadri
Raden Ambyah angandika
iya meluwa sireki
tutura mring yayi Maktal
kalawan si Umarmadi.
32. Padha sabaa denesuk
lawan sagunge narpati
tuwin satriya punggawa
hulubalang pradipati

para mantri pangalasan
kabeh meluwa anangkil.

33. Manawa ingsun dinangu
ing sang Prabu Nyakrawati
umatura sun bebedhag
lan Kistaham ing wanadri
sigra Raden Tambakyuda
marang pondhoke Marmadi.

34. Putra Tambakretna nuju
aneng pondhoke Marmadi
aglis Raden Tambakyuda
Ki Maktal kapasang yogi
timbalane raka para
wong roro kinen anangkil.

35. Lamun dinangu sang prabu
wong Menak dhateng wanadri
buburu lawan Kistaham
sandika nateng Kohkarib
lan wong agung Parangteja
Ki Umarmaya nulyamit.

36. Wus prapta ing ngarsanipun
Kalana Jayadiluwih
saksana sareng lumampah
wong titiga ing wanadri
ing marga tan winursita
meh prapta denya miranti.

37. Raja Kistaham umatur
anger kendela rumiyin
kawula arsa nupiksa
enggene sangsam lan kancil
mentar sang Raja Kistaham
maring nggen anakireki.

38. Atmaja kapat kapangguh
Kistaham lingira aris
mengko yen si Añbyah prapta
sun gawa marene nuli
parenga tandang senjata
urugana ing jemparing.
39. Telorongan ingkang ganjur
udanana cacab lembing
sawatana ing serampang
iya siratana gandhi
kang putra matur sandika
inggih sampun walang galih.
40. Pasthi mangke boten luput
rama pejahe pun Amir
kenging paekan punika
darbeya umur sakethi
sayekti mangsa luputa
Raja Kistaham wus bali.
41. Tekeng prenah Jayengpupuh
Kistaham umatur aris
suwawi angger lumampah
sampun celak preneng kancil
inggih kirang sadungkapan
lumampah sang wireng jurit.
42. Anggraита Jayengsatu
bau kanan lawan kering
akeduten dangunira
rumangsa yen arsa jurit
unandikane kang manah
apan iki arsa jurit.
43. Apan uwus adatipun
kedut bau kanan kering
wus tamtu yen arsa aprang
tan sakeca ingkang galih

bibisik lan Umarmaya
meh prapta enggen miranti.

44. Wus prapta bebethekipun
Kistaham umatur aris
kawula anggiring sangsam
ngandika sang wireng jurit
lah iya mara denenggal
Kistaham mentar tumuli.
45. Raden Ambyah nulya ndulu
ing lelebak ana baris
ngandika mring Umarmaya
kakang iki ana baris
Ki Umarmaya angucap
ora linyok ujar mami.
46. Pandamel Kistaham wau
ingkang andamel piranti
nanging sampun kirang yitna
ngandika Bagendha Amir
sira aja doh lan ingwang
lah payo mundur sathithik.

XXXV. SANG AMIR DIPUN KARUTUG ING DADAMEL, LAJENG PETAK

DURMA

1. Siga wonge Kistaham sareng lumampah
gumrudug ambedhili
anduduk nerampang
lembing cacab gudebag
kewran sang Wiradimurti
pan asta kanan
sumalah pundhak kering.
2. Asta kering sumalah ing pundhak kanan
sirahira sang Amir
dhawuh jengkunira
petak sang Jayenglaga
kadya ta gelap sakethi
mungsuh kang celak
kapileng akeh mati.
3. Satangine petak lajeng narik pedhang
angamuk Jayengmurti
balanya Kistaham
kapileng keh kantaka
bilulungan niба tangi
keh lunjak-lunjak
kejet-kejet mandelik.

4. Kang kalemper kaloyoran ambelasah
rinamped pedhang Amir
ewon ingkang pejah
ingamukan wong Menak
kang mati susun atindhih
kang wuri nrjang
ingamuk Jayengmurti.
5. Ana ingkang keloyoran mutah-mutah
Rahaden Guriwesi
yata ngamuk sigra
masang sosorotira
kang katrajang akeh mati
Raja Kistaham
tan purun marepeki.
6. Apan akeh kasabeting pedhangira
Kalana Jayengmurti
kuneng kang winarna
kang maksih bandayuda
kawuwusa sri bupati
Prabu Nusirwan
enjing miyos tinangkil.
7. Andher sagung para nata lan satriya
punggawa para mantri
putra Tambakretna
lawan Prabu Marmadya
munggeng ngarsane narpati
Prabu Nusirwan
yata ngandika aris.
8. Anakingsun wong Menak tan ana seba
Maktal matur wotsari
kesah dhateng wana
buburu lan Kistaham
kang ngajak dhateng wanadri
asru ngandika
sang Prabu Nyakrawati.

9. Dene teka andelan temen si Ambyah
panedhaningsun iki
mring lata wal ujwa
ngreksaa Jayenglaga
maksih ngandika sang aji
kaget miarsa
petak jumegur muni.
10. Yata gugup sang nata nggennya ngandika
eh Maktal Umarmadi
iki gustinira
nemu kewuh ing wana
nora sisip cipta mami
mundhut dipangga
sang Prabu Nyakrawati.
11. Budhal saking panangkilan saha bala
Maktal lan Umarmadi
gugup asiyaga
gumuruh pamondhokan
gupuh ngambil turanggi
kang pra dipatya
ambedhe turut margi.
12. Pra dipati Medayin kuwur sadaya
dening sri narapati
wus lajeng lampahnya
busekan para nata
wus samya nusul ing gusti
miwah wong Ngarab
pan lajeng anglancangi.
13. Sri narendra wus medal jawining kitha
Raden Maktal tur bekti
matur ing sang nata
ambayun rumiyina
ngandika sri narapati
iya dhingina
ngrebuta Menak Amir.

14. mBokmanawa karepotan ing ngayuda
kariya Umarmadi
barenga lan ingwang
nembah Rahaden Maktal
kuda kawan ewu sami
pareng angerap
kabeh mantri sinelir.
15. Kang turangga sami kinere sadaya
tinapuk wesi kuning
pan tembaga tawa
ebeg karakab limas
gancange carita prapti
pamburon wana
lajeng narambul jurit .
16. Kuda kawan ewu sareng ngamuk rampak
kadya tinerak banjir
balanya Kistaham
maleduk asarsaran
kang kacandhak akeh mati
pating jalempah
tanana mangga pulih.
17. Sirna gempang larut balane Kistaham
kabelek ing turanggi
kagelundhung jurang
saya kathah kang pejah
para mantri Ngalabani
pangamukira
lir buta mangsa daging.
18. Tan gumingsir ingudanan ing sanjata
busur mring cacab lembing
ingindhan kewala
wong agung parangteja
umarek sang Jayengmurti
atur turangga
andika Raden Amir.

19. Sapraptane umatur Rahaden Maktal
rama jeng sri bupati
sumusul paduka
kuwatir palimarma
kawula kinen rumiyin
rama paduka
saha bala neng wuri.
20. Jayenglaga asru denira ngandika
iya yayi denaglis
bujungen Kistaham
sigra Rahaden Maktal
tur sembah sampun apamit
sawadyanira
wau maksih angusir.
21. Raden Ambyah ngandika mring Umarmaya
lah kakang dipun aglis
panembahan prapta
tatu ngong tambanana
Kalana Jayadiluwih
anandhang brana
rentep keni jemparing.
22. Dening datan angrasuk kabarutinya
lan parise tan mawi
nulya pinocotan
panah tumancep telas
jinampen mring Marmayeki
duk ingusapan
mulya kadya inguni.
23. Sri narendra balanira wus katingal
tan tebih lan Marmadi
Dyan Ambyah umarak
marang sri naranata
sigra Prabu Nyakrawati
mundhut turangga
marani Jayengmurti.

24. Siga nembah ingaras lungayanira
ingaras embuneki
asru angandika
sira Prabu Nusirwan
andelan temen sireki
ping pira-pira
culika ing sireki.
25. Paran dene sireku maksih pracaya
aywa ta amindhoni
wong kurang prayitna
mring ngendi si Kistaham
Kalana Jayadiluwih
matur anembah
inggih maksih denusir.
26. Inggh dhateng yayi mas ing Parangteja
kawula ken nututi
samya sasanderan
kawan ewu turangga
wauta ingkang winarni
Rahaden Maktal
tebah denya nututi.
27. Keh kacandhak balanira sang Kistaham
amor lawan pakathik
ambuwang busana
lan anaknya sakawan
nganggo panganggone druwis
wus tan karuhan
ilang sipat narpati.
28. Maksih binabujung ing saparanira
mring mantri Ngalabani
akeh kang kajarah
babandan ting karencang
wong patang ewu kang kari
wadya Kistaham
watara kalih biting.

29. Ingkang samya mindha dhesel aneng jurang
lawan gustinireki
myang putra sakawan
samya ndhelik neng jurang
topong makuthane kari
arupa kompra
mila kecalan lari.
30. Pan binujunging satriya Tambakretna
lawan wadya pra mantri
wus wangsul sadaya
umarek ing sang nata
ngandika sri narapati
apa kacandhak
Raden Maktal wotsari.
31. Icalipun amor lan tiyang urakan
ngangge cara daruwis
mila tan kantenan
gumujeng sri narendra
dening bisa anglakoni
narpati gila
baya wijiling druwis.

XXXVI. RAJA KISTAHAM SAANAKIPUN ONCAT SAKING MEDAYIN

MIJIL

1. Sri narendra sampun nitih esthi
sarya ngandika lon
payo kaki nitiha kudage
atur sembah sang Jayadiluwih
dyan nitih turanggi
wus budhal sang prabu.
2. Tan kocapa Prabu Nyakrawati
lan Jayengpalugon
kawarnaa Kistaham kesahé
kadya tan ayun ngambah Medayin
yen sang Jayengmurti
maksih neng Medayun.
3. Samya mentas saking jurang aglis
wus samya berondhol
paguneman kalayan putrane
kaya paran dayanira kaki
ngendi kang denungsi
narendra pinunjul.
4. Iya ingkang kuwasa mateni
marang satruningong
durung lega kang ati rasane
yen si Kalana Jayadimurti

durung rontang-ranting
sun tan arsa mantuk.

5. Putra sakawan turira aris
leheng dhateng Kaos
nateng Kaos punika wretine
tan petungan balane prajurit
samya sekti wani
kathah para ratu.
6. Ingkang rama angandika aris
payo anak ingcng
nulya mangkat kalawan putrane
nurut parang denira lumaris
rereyongan sami
lawan sutanipun.
7. Langkung sineru denya lumaris
tanana wruh kang wong
lamun iku punggawa agedhe
isen wijoan nagri Medayin
kang sinedyeng galih
mring Kaos kadhatun.
8. Kang jujuluk sang nateng ing Jobin
sudih bala katong
ingkang pinet sraya ing badhene
kuneng ingkang lagya neng wanadri
wuwusen sang aji
lampahira rawuh
9. Jroning pura prapteng pancaniti
sri nata wus lunggoh
padmasana emas lelemeke
prang wedani pupundhutan mijil
adhadharan sami
sagung para ratu.

10. Punang gamelan munya ngrarangin
sagung para katong
apan sampun gojana karamen
sawusira nadhah pra narpati
miwah Jayengmurti
lan sabalanipun.
11. Sri narendra kondur mring jro puri
tuwin para katong
bubar saking panangkilan kabeh
miwah Kalana Jayadimurti
sawadyanireki
amakuwon sampun.
12. Yata kuneng kusumaning puri
kang manggung wirangrong
mapan datañ dhahar lawan sare
ragan-ragan tyas mesi geng kingkin
sarira ngalentrih
katrangan luluh kung.
13. Dhasar ayu nambang dhahar guling
cahyane mancorong
wus dinulur lan kanugrahane
kadya wulan purnama pinigit
dening imanitir
sunare sumunu.
14. Ambek sudarma mantya udarsih
limpad ing pasemon
kawengku kang catur prakarane
kasusilan apan wus undagi
salire mepeki
widagda pasemun.
15. Rerekane lir emas ingukir
wadanane melok
kadya inten pinecah citrane
yen cinandra anglir golek gadhing

semunya respati
pada lir binubut.

16. Duk miarsa kusumaning puri
ture Pradapa lon
anambungi wuwuh lir sedhepe
malar gusti lipura akingkin
mbokane sang aji
sun duga ing kalbu.
17. Kaya ana sire ingkang galih
mring jaka palugon
dening liwat sang nata tresnane
marang Kalana Jayadiluwih
kongsi padha meri
kabeh wong Medayun.
18. Mulane padha angarah pati
nanging datan enjoh
asikara padha sasedyane
ing samengko aningali malih
kangjeng sri bupati
mring sang Jayengpupuh.
19. Ni Selaga anambungi ḣangling
ya bener sang katong
yekti mangsa oleh anggolek
kadi Raden Ambyah kang sayekti
baguse linuwih
tur mandraguna gung.
20. Nadyan keha prajurit sinekti
nora bagus anom
nadyan silih oleh baguse
nora ngingu kang gelap sakethi
Raden Jayengmurti
ngingu gelap sewu.

21. Amung ika prajurit linuwih
sinandhung pasemon
kaya pantes lamiun kalokane
yen prajurit lalanange bumi
kaya tan amanggih
ing sairibipun.
22. Sang dyah miarsa wuwuse cethi
muwuhi wirangrong
kadya ana sumandhing citrane
julalatan mulat nganan ngering
tan wonten kaeksi
lyan sang Jayengkewuh.
23. Kaya paran nggoningsun ngecani
weruha maring ngong
jenat ika ta ingkang anggawe
suwe si Kalana Jayengmurti
kang angrujit ati
angkuhe kumlungkung.
24. Baya ora anyipta ing galih
wong ika maring ngong
kerana gung edir piyangkuhe
mbok iyaa gelem takon warti
kalamun ramaji
duwe putri ingsun.
25. Sang dyah nantun ing pawongan kalih
priye biyang ingong
paran ingkang dadi usadane
enggoningsun kandhuhan wiayati
bekane pan uwis
awilet lulut kung.
26. Yen dadiya anake wong cilik
kaya wus melancong
kaya mengkene yekti tan wande
kunjana papa satengah mati

- kaya paran iki
kasaru kang rawuh.
27. Sedhahanira sri narapati
prapta sek alunggoh
tutur maring gustine angopres
kula wingi dhuuh gusti meningi
rama paduka ji
saking siti luhur.
28. Rama paduka sanget denya sih
mring Jayengpalugon
saking dening sekti lan baguse
dadya tan kenging pisah sathithik
kadya den cukidhing
ing rama sang prabu.
29. Sami sihnya lawan putra katri
sihipun sang katong
sinasami paparing pangangge
malah kangjeng gusti raden katri
kinen saben enjing
mring pakuwonipun.
30. Pan kinarya pandam panganiti
sang retna lingnyalon
sun tetedha awete neng kene
ingkang aran Menak Jayengmurti
Ni Cethi nambungi
sukur bage sukur.
31. Sang dyah saya kagagas ing galih
miarsa pawartos
dyan tumedhak saking gigilange
sapraptanira ing mondra gini
aniba sang putri
angurebi kasur.

32. Sangsaya sru denira wiyadi
luhira dres miyos
kadya cumethel kulung driyane
tyasira lir kaseselan wukir
kadya denrurujit
saking brangtanipun.

XXXVII. SANG PRABU ING KEBAR BADHE MALES UKUM DHATENG SANG AMIR

ASMARADANA

1. Sigegeñ datan winarni
kañg lagya gerah asmara
wonten genti winiraos
sri naranata ing Kebar
ratu kalokeng jagad
sugih bala samya ratu
gagah prakosa digdaya.
2. Bisikanira sang aji
jujuluk Raja Alkamah
tuhu narendra kinaot
dedege pitung dasa gas
pratandha mandraguna
sinembah padhaning ratu
pilih tandhing lamun aprang.
3. Pilih ratu kang nadhahi
gadane sang nateng Kebar
sewu kati mas bobote
mila ngawulakken raja
iya kayaning gada
anenggih papatihipun
nama Kya Patih Kebarsah.

4. Aprawira sura sekti
Rekyana Patih Kebarsah
arang kang nongga yudane
amupugi ing aguna
bisa ngasorken nata
ngegungaken gustinipun
karya la-ela nagara.
5. Mangkyia ing Kebar nagari
lagya awayang wuyungan
marmanira sangga katong
datan kena sinewaka
sapejahe kang putra
Raden Uksam kang jujuluk
kang lalana andon yuda.
6. Marang nagari Medayin
tumpes aneng nagri Mekah
aprang lan Jayengpalugon
ambekta sakethi bala
saparo kang agesang
mantuk ing nagarinipun
putra pulunan kajarah.
7. Aran Raden Yusupadi
binoyong putra ing Ngarab
mangkyia sang nata duk miyos
sineba ing para nata
miwah para satriya
hulubalang munggeng ngayun
dhomas cacahe punggawa.
8. Kang munggeng ngarsa narpati
sira Ki Patih Kebarsah
asru ngandika sang katong
heh apatih undhangana
sakehe para raja
yen ingsun budhal ing besuk
angukum marang si Ambyah.

9. Durung lega ingkang ati
lamun durung akerasa
si Ambyah ing astaningong
Patih Kebar atur sembah
nuwun patik bathara
kawula midhanget tutur
satriya pun Jayenglaga.
10. Wonten nagari Medayin
suwita Prabu Nusirwan
langkung sihipun sang katong
dhumateng pun Jayenglaga
dinama ela-ela
tur pinutra-putra danu
rinaja-raja menggala.
11. Raka paduka Medayin
laminya wonten pun Ambyah
boten mulat ing waweneh
kantun sagunge satriya
punggawa para nata
cinangkiwing siyang dalu
namung satriya ing Ngarab.
12. Kaget sang nata miarsi
duk wau ature patya
sakala mawa runtike
sang nata asru ngandika
yen mengkono Kebarsah
aywa katanggungan laku
yen si Ambyah kinukuhan.
13. Marang raja ing Medayin
sayekti asalin babah
nora wurung yen rerempon
ing Medayin ingsun bedhah
sun gawe karang abang
sakehe punggawaningsun
den padha sumekteng benjang.

14. Sang nata waspanya mijil
supe lamun sinewaka
nulya jengkar angadhaton
kalangkung denya anggagas
pejahe ingkang putra
kang ginadhing madeg ratu
kang mengku nagareng Kebar.
15. Ing dalu datan winarni
enjang sagung para nata
gumruh atata balane
sarwi angrakit gagaman
para dipatinira
ajejel ing ngalun-alun
para nata magelaran.
16. Tan kena campur kang baris
sagunge kang para nata
saha tunggul tengarane
daludag lalayu abra
sanga Prabu Alkamah
kang ngrasuk busana luhung
sasikepira ngayuda.
17. Miyos munggeng panganiti
oreg sagung para nata
neteg tengara kendhang gong
gumuruh kang bala kuswa
kadya giri prakempa
tan petungan barisipun
busana awarna-warna.
18. Lir wana giri kabesmi
sagung para raja-raja
atengara dehwe-dhewe
gendera lalayu sinang
daludag lan kakandha
tunggul lawan payung agung
wahana awarna-warna.

19. Sang nata wahana esthi
budhal gagaman pangarsa
muntab lir ardi katunon
Rekyana Patih Kebarsah
dadya sirahing lampah
munggeng dipangga sang prabu
ginarebeg ing punggawa.
20. Saupacara sinelir
lir puspa pleksaneng wana
wadya andher ambeleber
ting pancurat kang busana
tekeng jawine kitha
kadya kukuse kang mendhung
wutahe kang balakuswa.
21. Ginelak lampuhe baris
anerajang wanawasa
tan kocap dalu siyange
wus alami aneng marga
gancange kang carita
gagaman ageng wus rawuh
tapel watesing jajahan.
22. Kang milu bumi Medayin
ampeyan paminggir desa
amesanggrahan sang katong
gumuruh kang wadyabala
wauta kawuwusa
Kistaham saanakipun
kapethuk ing lampahira.
23. Bala Kebar kang pangarsi
Kistaham wau tatanya
punika pundi sedyane
gagaman tanpa wilangan
lawan wong agung sapa
kang tinakenan sumaur
punika sang nateng Kebar.

24. Lumurug dhateng Medayin
amundhut satriya Ngarab
ingkang mejahi putrane
inggih Raden Prabu Jaka
kang pejah aneng Ngarab
mila arsa males ukum
Raja Kistaham ngandika.
25. Marang ikang catur siwi
kulup becik tinemonan
iya parandene kiye
arsa angalap si Ambyah
matur putra sakawan
inggih punika pukulun
saksana sami lumampah.
26. Umarek rekyana patih
kagyat Ki Patih Kebarsah
Kistaham lon wuwuse
kawula narendra Sarwal
suwiteng mring Nusirwan
pan jumeneng punggawa gung
wonten Medayin nagara.
27. Marma kesah sing Medayin
inggih sasatron kawula
kalih pun Jayengpalugon
suwawi ta aturena
kawula ing sang nata
sampun tanggel nggennya ngukup
dyan binekta ing ngayunan.
28. Ngandika sri narapati
eh Kebarsah iku sapa
rekyana patih ature
punika Raja Kistaham
isen-isen wijoen
dhateng nagari Medayun
asasatron mula kesah.

29. Kalayan pun Menak Amir
rencangipun pancabakah
kasor ing sasuwitane
dhateng Bathara Nusirwan
den pilaur si Ambyah
sang nateng Kebar amuwus
eh aywa maras tinira.
30. Mangsa wurunga ngemasi
si Ambyah de astaningwang
kari pira lalakone
iya Medayin nagara
matur Raja Kistaham
inggih kantun tigang dalu
prapta ing dhusun Ampeyan.
31. Ngandika sri narapati
lamun mangkono Kebarsah
payo tengaraa age
lalakon rong dina engkas
sigra nembang tengara
swarane bala gumuruh
budhal saking pasanggrahan.
32. Kistaham tan kena tebih
lawan sang Raja Alkamah
wadya gung prapteng Pangiwén
kendel samya tatabala
Kistaham aturira
nedha makuwon pukulun
mung kantun lakon sadina.
33. Saking nagari Medayin
punika papan ajembar
kalih acaket lepene
nulya tata pasanggrahan
sang nata kinen nyerat
katur sang nateng Medayun
amundhut satriya Ngarab.

34. Yen supama denkukuhi
marang Bathara Nusirwan
rinangkepa lalarene
kinandelan kang kutha
masanga kapurancang
nora wande ingsun gempur
ngong dadekaken irengan.
35. Wus dadya kang punang tulis
wus sinungaken kang duta
mesat saking ngarsa katong
lampahira pangalasan
kakalih sigra-sigra
kuneng gentiya winuwus
Nusirwan enjang sineba.
36. Supenuh para narpati
andher satriya punggawa
jejel ngayunan sang katong
miwah Kyana Patih Bestak
munggeng ngarsane nata
sang Kalana Jayengpupuh
lawan wadya para nata.
37. Tunggil punggawa Medayin
para nata tanah Ngarab
munggeng ing kursi lungguhe
amung kang munggeng wijoen
papatih lan satriya
kang digdaya satru mungsuh
sang Dipati Nataningrat.
38. Mantri ngampungan duk prapti
tur uninga Patih Bestak
yen wonten gagaman leren
nanging boten ambabahak
gaman saking ing Kebar
dhusun Pangiwen ing pungkur
pakuwon bala ing Kebar.

39. Tan tutug denya nakeni
ature mantri tampingan
kasaru wau dhatenge
caraka saking ing Kebar
dumarojong ngayunan
Ki Patih Bestak jinujug
sarwi ngaturaken surat.
40. Matur yen dutane aji
ing Kebar Raja Alkamah
Ki Patih Bestak nulyage
umatur mring sri narendra
yen wonten surat prapta
saking ing Kebar pukulun
ngatag sang sri maharaja.
41. Payo wacanen tumuli
layange sang Raja Kebar
Ki Patih Bestak wotsinom
ngadeg sarwi maca surat
binuka kang nawala
pamaose basa seru
bukane nuwaleng wuntat.

XXXVIII. SANG AMIR MAPAGAKEN MENGSAH SAKING KEBAR

PANGKUR

1. Penget iki surat ingwang
Nateng Kebar iya ratu linuwih
muji mring brahalanipun
iya Lata wal Ujwa
lah tekaa layang iki mring sang prabu
Medayin Raja Nusirwan
wruhanira wong Medayin.
2. Yen ingsun ratu masesa
ing jajahan para ratu samyajrih
lan ratu akeh kang nungkul
bulu bekti ing Kebar
saking dening umiyating gadaningsun
narendra ingkang katiban
ajur luluh awor siti.
3. Wrat sewu satus kati mas
gotong satus iya parise mami
mubeng aneng ngarsaningsun
manjure srampangingwang
lan landhepe busur tulup lan sakulun
sadaya gagamaningwang
lan bote kang kalawahi.

4. Artpuhe calumpit ingwang
lanedhepe iya ing rajang mami
kencenge jemparingingsun
tajeme pedhang ingwang
ngawulakken ingong dhomas para ratu
lan kayane gadaningwang
lan kayane pedhang mami.
5. Eh Raja Medayin sira
lamun arsa tulus jumeneng aji
lungguh karaton Medayun
awet mangku jajahan
lawan iya arep kukuh nagaramu
cekelen satriya Ngarab
ingkang aran Bagendhamir.
6. Aturna babandan mring wang
lamun nora ngesrahna Bagendhamir
iya anak wong kukuwu
iku wong utang pejah
ingsun gawe pangewan-ewan ing besuk
aneng nagara ing Kebar
lamun sira angukuhi.
7. Kandelna kuthanira
wuwuhana larene den agelis
rangkepen kapurancangmu
anjembarna plataran
nora wurung sun remuk kuthamu besuk
ngong dadekake irengan
sipat lanang sun tumpesi.
8. Geter sagung kang miarsa
pra dipati punggawa para mantri
dening jrihing tandhanipun
akeh ratu kabala
Sri Nusirwan wajanira latu-latu
kang pasuryan bang ngatirah
kumedut panoning lathi.

9. Kalangkung bramantyanira
sumung-sumung mawinga-winga wengis
heh Kalana Jayengsatru
kayapa budinira
ratu Kebar nedya angambil sireku
apa sira wani nglawan
tandhingana ing ngajurit.
10. Raden Ambyah atur sembah
inggih sampun paduka walanggalih
ratu Kebar ingkang rawuh
inggih purun kawula
manawi ta punika arsa anusul
dhateng anake kang pejah
duk Uksam kang dentut wingking.
11. Kawula susulne benjang
dipun kadi pejahe ingkang siwi
mesem Bathara Medayun
miarsa ture Ambyah
angandika mring Ki Patih Bestak wau
heh apatih undhangana
sagung punggaweng Medayin.
12. Den padha sumekteng yuda
para nata satriya pra dipati
ingsun budhal besuk esuk
amapag parang muka
anjenengi si Ambyah jurite besuk
Rahaden Retnaning yuda
wong Ngarab wus dendhawuhi.
13. Sang nata malih ngandika
lah warahen caraka iku patih
konen matur gustinipun
yen ingsun mapag yuda
Raden Ambyah angucap mring kadang sepuh
lah kakang anunurata
kawula mangsuli tulis.

14. **Sigra sang Bagendha Abas**
anunurat tunggul panantang jurit
tan adangu nurat sampun
sinungken duta Kebar
sigra lengser duta sing ngarseng sang prabu
ginelak ing lampahira
datan kawarna ing margi.
15. **Prapta pasanggrahan Kebar**
dumarojog prapta ngarsa narpati
ngaturken surat wawangsul
saking satriya Ngarab
tinampan winaca ingkang pupucuk
tembunge ponang nawala
pamuji dhateng Hyang Widi.
16. **Kapindho para utusan**
kaliyolah ya Jeng Nabi Ibrahim
penget iki layang ingsun
iya satriya Ambyah
alalana widigdaya Jayengkewuh
wong agung surayeng jagad
prajurit wiratama di.
17. **Kang kasumbung jayeng laga**
konang-onang Kalana Jayengmurti
kasubing rat Jayeng pupuh
Prawira mandraguna
kang prakosa ing Mekah kang aran Jalu
kang kojat ing jagat raya
kang anyikep kang para aji.
18. **Kang misesa nglar jajahan**
kang minangka lalananging Medayin
kang pinutra-putra danu
mring Bathara Nusirwan
kang anyangking sakeh dhase para ratu
kang sepak dhase satriya
ingkang nyampar dhasing mantri.

- 19. Wruhanira nateng Kebar**
kamayangan sira prapteng Medayin
lir nemu emas sagunung
iya pangrasaniningwang
aprasasat ingsun rumurug prajamu
yen sira nora praptaa
nagaramu sun tekani.
- 20. Kalawan sira sun solah**
ingsun gawe pangewan-ewan nuli
ngong susulake anakmu
wau Raja Alkamah
duk miarsa nggennya maca datan tutug
sinebit-sebit kang surat
jajabang lir metu geni.
- 21. Sugal denira ngandika**
Bahakana desa bumi Medayin
angukuhi buroningsun
langguke apapeksan
dyan parentah kang wadyabala gumuruuh
ambebahak pinggir desa
rusake kang tepis wiring.
- 22. Bala Kebar wus sun prentah**
lamun arsa mukul nagri Medayin
sadina-dina gung rusuh
kang sami ambabahak
yata kuneng warnaen nagri Medayun
kadya susulung kang prapta
mantri ngampingan anggili.
- 23. Pra samya atur uninga**
lamun bala Kebar tingkahe baris
sampun mashur nama mungsuh
yata Ki Patih Bestak
nulya matur yen sang nata Kebar bendu
paran reh karsa paduka
ngukuhi wong Menak Amir.

24. Tan wande yen karusakan
Nateng Kebar sugih bala prajurit
sang nata ngandika arum
heh Bestak apa sira
angrembugi ngesrahna babandan iku
iya marang putraningwang
Ki Kalana Jayengjurit.
25. Pan iku satriyaningwang
durung duwe sedheng ing jeneng mami
sedheng ngong labuhi lampus
Ratu Kebar papeksan
peksa luhur anyendhalani maringsun
yen sira arsa nungkula
mring Kebar lungga aglis.
26. Aywa neng nagaraningwang
sewu kehe kaya rupa nireki
mangsa praduliya ingsun
asal maksih si Ambyah
endah apa kang kaya cacak rupamu
gumeter Ki Patih Bestak
medal luhira dres mijil.
27. Miyat nata langkung duka
tan winarna dalu kawarna enjing
Patih Bestak atur-atur
pirang-pirang dalam mas
isinipun manisan lan roti gandum
kang pantes dadya sangunya
Wong Agung Surayengbumi.
28. Miwah sagung para nata
wadya Arab sadaya pan waradin
kya patih pasungsungipun
tuwin marang Marmaya
pan andina mring Kalana Jayengpupuh
mangkana kang winursita
sagung satriya bupati.

29. Punggawa myang para nata
abusekan sadaya samya baris
miwah Raden Jayengkewuh
wadyane wus sanega
yata kuneng warnanen sang Retnaningrum
kang lagya amajang wulan
kang cethi kalih kinanthi.

XXXIX. RETNA MUNINGGAR MUMUJI UNGGULING YUDA SANG AMIR

KINANTHI

1. Mung iku kang sinung kawruh
ing sakarsane sang putri
Selaga lan Ni Pradapa
pinarak neng nagasari
Cethi Pradapa tur sembah
kawula midhanget warti.
2. Rama paduka sang prabu
tamiyan ratu prajurit
parangmuka saking Kebar
mila anglurug mariki
arsa males pejah gesang
mring satriya Jayengmurti.
3. Sutane pejah karuhun
pun Jayenglaga mejahi
milane arsa malesa
satriya Ambyah tinari
dhumateng rama paduka
sagah tinandhing ngajurit.
4. Rama paduka sang prabu
badhe nindaki pribadi
amethuk jawine kitha
anjenengi wong ngajurit

**nenggih kang ingaben yuda
pun Kalana Jayengmurti.**

5. Lan Ratu Kebar kang rawuh
kumenyut tyase lir Ratih
denira miarsa warta
ngandika kusumeng puri
biyang padha anenedha
mring Hyang Lata wal Ujwa ki.
6. Muga menanga prang pupuh
prajuritira Dimurti
ratu ing Kebar kalaha
tugel lajeng gantya benjing
sang retna wadhag widhigan
kang manah langkung prihatin.
7. Sadalu awayang wuyung
miarsa kang badhe jurit
kaya ta milu-miluwa
kapalang durung kapanggih
kadya sata matarangan
munggeng sore nagasari.
8. Sun tetedha Jayengmungsu
kang lalana mangun jurit
tulusa dadi prawira
Wong Agung Surayengbumi
denira dadi isinya
ing wijoan palowani.
9. Tulusa dadi papaku
aneng ~~nagari~~ Medayin
sang Kalana Jayengrana
widigdaya jayeng jurit
wirotameng ngadilaga
tampiya tariman putri.

10. Biyang manira aksaul
yen wong ika menang jurit
sun ambedhah gedhong benjang
aweweh maring wong miskin
gedhongku kang papat ika
isine anyatus kati.
11. Sagedhong kang maring ngidul
sagedhong kang ngaler siji
ngulon ngetan siji sowang
dadana maring wong miskin
sagunging parekanira
kabeh samya angestreni.
12. Sang retna sangsaya nglayung
asawang layon wrat sari
kuneng kang anggung sungkawa
kusuma sekaring puri
enjang wau kawarnaa
miyos Prabu Jayengmurti.
13. Saha ngrasuk ing kaprabun
sabusananing ngajurit
lurung kebek ing gagaman
punggawa para bupati
tuwin sagunge narendra
wadya sumekteng ngajurit.
14. Kang nindhihi baris agung
kabeh ingkang para aji
samya munggeng ing ngayunan
Kalana Jayadimurti
wus aglar ing ngarsa nata
sagung bala Puserbumi.
15. Myang sakeh kang para ratu
saha wadya amiranti
satriya bupati nata
samya anindhahi baris

wau kang para narendra
kang ngapit ing Jayengmurti.

16. Pamedan jejel supenuh
barise sawadya Medayin
artine medan punika
bubulak jawining nagri
ngapit ngalun-alun jembar
wiyar pasagi aradin.
17. Nenggih alun-alunipun
bata sarimbag pasagi
apapadon kuthagara
naga geng antera ngapit
pucak naga abra muncar
mangap untunya ngajrihi.
18. Sagenthong-genthong gengipun
mirah roro sakerambil
kinarya netrane naga
saking mandrawa kaeksi
kadya sang baskara medal
saking nginggil jalanidhi.
19. Kabeh pucak ngalun-alun
sinungan naga bukasri
miwah kori-kori samya
tunjung geng kang ngapit-apit
sami amawi antera
alun-alun ing Medayin.
20. Kinapurancang aluhur
tan amawi ancaksuji
parunggu rinancak klawan
tembagga sinilih asih
padhak dendha lan rejasa
telajuk balitung asri.

21. Baris jaban ngalun-alun
barise wadya Medayin
pan namung sawadyanira
wong agung Jayadimurti
neng ngalun-alun barisnya
gagaman dinulu asri.
22. Dening ingkang tunggul wulung
kadya mendhung kang kasilir
pinrawaseng samirana
apelag lir kilat thathit
lumiring kadya wangkawa
yen tinon kang tunggul kuning.
23. Wong kutha jejel supenuh
asrine gamane Amir
pra sami tata panggenan
punggawane pekik-pekit
lan pasang rakite tata
kuciwa bala Medayin.
24. Bala gung tatane rusuh
mangkana sri narapati
asru nggenira ngandika
heh Kalana Jayengmurti
payo gamanmu kirabna
lah sira budhalna dhingin.
25. Sang Jayenglaga wotsantun
sarya anoleh ing Wuri
sigra putra Tambakretna
anoleh nateng Kohkarib
nulya aneteg tengara
budhal panganjuring jurit.
26. Budhal ing ngarsa sang prabu
Kalana Jayadimurti
lan sawadya para nata
kang dadya sirahing jurit

nenggih Arya Parangteja
Rahaden Maktal prajurit.

27. Limang leksa limang ewu
prajurite munggeng ngarsi
bandera pethak sadaya
umbul-umbul samya kuning
daludag samya lungsir bang
lalayu kakandha asri.
28. Anithih turangganipun
Kalana Jayadimurti
pinayungan tunggul naga
kang cahya amindhia sasi
satriya saking Ngabesah
kang mangayap kanan kering.
29. Para kadang munggeng pungkur
Ngabdullah lan Abuntalib
Alipasim Menak Abas
adulur samya neng wuri
ginarebeg bala Mekah
kadya yangyang wukir geni.
30. Kacaryan ingkang andulu
gagaman ing Puserbumi
samya gawok kang tumingal
tarap penuh pinggir margi
umiyat ing Kakungingrat
samya alembaneng westhi.
31. Kadya gunung alalaku
dumulur kang ngapit-apit
gumerah umyung wurahan
sakethi dipangga mijil
ngiras ngirid sewu kuda
patang ewu gunge esthi.

14. Betaljemur tan atebih
munggeng palana kalawan
wauta Jayengpalugon
lan sawadya para nata
miwah satriyanira
wus munggeng ngarsa sadarum
wauta sang Nateng Kebar.
15. Maksih manggung aneng esthi
ingayap dening punggawa
tuwin dipati lan katong
miwah Patih Kebarsah
munggeng ngayun sanega
neng payudan kadi mendhung
surem sosote baskara.
16. Rajeng Kebar asru angling
angatag prajuritira
lah mara cacaken age
dimene metu si Ambyah
iya sira Kistaham
aywa doh kalawan ingsun
mengko ingsun tuduhena.
17. Yen si Ambyah metu jurit
ingsun dhewe ngembarana
sigra lengser awot sinom
sira Raja Bajodarwa
prabu ing Talmuhara
anith turangga sampun
respati angundha gada.
18. Angiwa parise wesi
prapteng rana asusumbar
payo kembulana ingong
iki prajurit ing Kebar
ratu ing Talmuhara
sapa ingkang arsa lampus
papagena tandangingwang.

19. Prajurit tan oleh tandhing
lah iya endi kang aran
satriya Jayengpalugon
wau tan betah miarsa
putra ing Tambakretna
Rahaden Maktal wot santun
ing gusti lajeng wot sekar.
20. Marang Prabu Nyakrawati
sigra anitih turangga
samekta sagegamane
sampun kawrating turangga
nander marang payudan
surak wadya ing Medayun
tempur marang bala Ngarab.
21. Kang ayuda wus kapanggih
yun-ayunan kalihira
sang Raja Darwa wuwuse
prajurit sapa ranira
bay a sira si Ambyah
warnamu anom abagus
yen dudu angur baliya.
22. Eman kaprawiran mami
yen mungsuh dudu si Ambyah
Nateng Kebar ngandika lon
heh Kistaham ika sapa
matur Raja Kistaham
inggih pun Maktal pukulun
satriya ing Tambakretna.
23. Ingaken sudara yekti
dhumateng wong Menak Ambyah
wau kang ayuda karo
sumaur Rahaden Maktal
ingsun putra ing Ngala
bani Maktal araningsun
payo apa karsanira.

4. Kabeh lumakuwa wuri
ajwana ing ngarsaniningwang
ngamungna wong Ngarab bae
sadaya wus ingundangan
niyaka lan punggawa
kang munggeng ngarsa sang prabu
wadyarab sapangkat-pangkat.
5. Sang nata remen ningali
kontha-kanthane lumampah
Kalana Jayengpalugon
rupa tandange arikat
kang samya nitih kuda
rempek tan moncol sarambut
kang samya amangku gada.
6. Samekta busana adi
sang nata alon ngandika
marang Betaljemur alon
heh Bapa kaliwat pelag
lakune bala Ngarab
si Kalana Jayengpupuh
wignya anata gagaman.
7. Balanipun pirang kethi
bisa anata mangkana
mendah si dening asrine
sang Arya Paniti sabda
leres padya bathara
wauta ing lampahipun
ginelak asigra-sigra.
8. Amung lerep kalih ari
anulya amesanggrahan
sawadyanira sang katong
